O`zbekstan Respublikası Xalıq ta`lim wa`zirligi

A`jiniyaz atındag`ı No`kis Ma`mleketlik pedagogikalıq institutı

PEDAGOGİKA FAKUL`TETİ

***MAK da qorg`awg`a ruxsat etilsin:***
«Pedagogika» fakul`teti dekani :
________________dots.Z.Qlicheva

«Su`wretlew o`neri ha`m injenerlik grafikasi» ta`lim bag`dari IV- kurs talabası Утешова Шайдагүлдың «Сүўретлеў өнери сабақларында Қарақалпақстан сүўретшилериниң дөретиўшилигин үйретиў методикасы» temasindag`i

# *BAKALAVR PITKERIW JUMISI*

| | |
|---|---|
| Talaba : | Ш.Утешова |
| İlimiy basshısı: | T.Bekmuratov |

***Qorg`awg`a usınıs etilsin:***
«Su`wretlew o`neri ha`m injenerlik grafikası»
kafedrası baslıg`ı, dots._______________ J.Darmenov
«_____»_____ 2015-jıl

**No`kis-2015**

## ***ТЕМА : СҮЎРЕТЛЕЎ ӨНЕРИ САБАҚЛАРЫНДА ҚАРАҚАЛПАҚСТАН СҮЎРЕТШИЛЕРИНИң ДӨРЕТИЎШИЛИГИН ҮЙРЕТИЎ МЕТОДИКАСЫ***

## ***J O B A :***


I. Kirisiw……………………………………………………………………

I. 1. Улыўма тәлим бериў мектеплеринде сүўретлеў өнери сабақларына қойылған улыўма талаплар

II. Tiykarg`i bo`lim

II. 1. Мектеплерде Қарақалпақстан сүўретлеў өнерин методикалық үйрениўдиң мақсети ҳәм ўазыйпалары

II.2. Қарақалпақстан сүўретшилериниң дөретиўшилигин үйренриўдиң тәлим-тәрбиялық әҳмийети

II.3. Қарақалпақстан көркем өнерин методикалық үйрениў

II. 4. Қарақалакстан сүўретшилери ҳаққында қысқаша мағлыўмат

III. Juwmaqlaw………………………………………………………………

Paydalanilg`an a`debiyatlar……………………………………………………

Qosimsha materiallar ha`m иллюстрациялар ………………………………..

# ***КИРИСИЎ***

Көркем өнер, мәдeният, тарийх ҳәм руўхый тәрбияның қәлиплесиўинде Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың тиккелей басшылығында тәлим-тәрбияға байланыслы жумысларға кең итибарлар қараталыўы, халқымыздың миллий қәдириятларына тийкарланған, миллий идеологиямызды өзинде сәўлелендирген билимлендириў системасының жаратылыўы бүгинги күнде өзиниң унамлыв жемисин бермекте.

Илим-пән, мәдeният, көркем өнер ҳәм ағартыўшылық ҳәр қандай мәмлекет ҳәм халықты жоқары шыңға көтерип, оның раўажланыўын тәмийинлейди, келешегин алдыннан белгилеп береди. Себеби илим-ағартыўшылық инсанды уллылыққа жетеклейди. Тәлим-тәрбиягабиринши дәрежели итибар қаратыў, бул ҳаққында қайғырыў-мәмлекет ҳәм халық келешегин ойлаў дегени [10; 35-36].

Мәмлекетимиз ғәрезсизликке ерискен бери ҳәмде усы дәўирди беккемлеў жолында өзиниң басынан кеширип атырған сиясий ҳәм экономикалық өзгерислер жағдайында халық билимлендириўи тараўында дөретиўши, эстетикалық ҳәм этикалық мәдениятлы болған жас әўладтың жетилисип шығыўы ҳәм раўажланыўы зәрүр. Жас әўладты көркемлик жақтан камалға келтириў, Ана жеримизге -Ўатанға ҳәм миллий көркем өнеримизге садықлық руўхында тәрбиялап өсириўде сүўретлеў өнери пәниниң орны өз алдына әҳмийетке ийе. Бул өз нәўбетинде педагогикалық ҳәм кәсип-өнер колледжлеринде алып барылатуғын арнаўлы пәнлерди терең ҳәм мазмунлы болыўын көзде тутып оқытыўшылар мойнына үлкен ўазыйпаларды қояды.

Сонлықтанда бүгинги күнимизде үлкен билимлендириў ҳаққындағы нызамда көркем тәрбияны ҳәр тәреплеме раўажландырыўға айырықша итиар қаратылған. Мине усы ўазыйпалардың бири-бүгинги жасларымызға қандай тәризде , қандай жол менен тәлим-тәрбия бериў мәселеси болып есапланады. Бул әлбетте олардың айнала-әтирапқа ҳәм дүньяға болған көз-қарасы менен тығыз байланыслы. Жаслардың (оқыўшылардың) әдеп-икрамлылық ҳәм эстетикалық тәрбияларын изертлеў, ол үстинде бас қатырыў бир қанша пайдалар келтириўи сөзсиз. Егерде көз алдымызға келтирип көретуғын болсақ жәмийетимизде ҳәм турмысымызда сүўретшиликтиң тутқан орнының қай дәрежеде еенлигин фактлер тийкарында көремиз.

Улыўма тәлим бериў мектеплерин қайта қурыўдың тийкарғы бағдарламаларында айрықша дыққат оқыўшылардың эстетикалық ҳәм көркем көз-қарасын қәлиплестириў мәселелерине, сүўретлеў өнери арқалы жеке адамның гармоникалық жақтан қәлиплесиўине қаратылған.

Жеке адамның көркем унамлы көз-қарасы. Улыўма халықтың турмысқа эстетикалық қатнасының тийкарғы көрсеткиши есапланады. Соның менен бирге унамлы көз-қарас сол халықтың өз турмыс шараятына, дәстүрлерине, үрп-әдетлерине болған қатнасы менен де тығыз байланыслы. Оқыўшылардың көркем унамлы көз-қарасы ҳәр қыйлылығы менен өзгешеленеди .

Соның ушында мектеплерде унамлы көз қарасты тәрбиялаў еки бағдарда әмелге асырылады:

1)Оқыўшыларды сүўретлеў ҳәм әмелий өнер дөретпелери менен таныстырыў процессинде.

2)Оқыўшылардың дөретиўшилик, әмелий жумыс орынлаў процессинде.

Сүўретлеў өнери оқыўшыларда көркем ҳәм миллий мәдениятың түрлендириўге хызмет қылады. Ол мазмуны жағынан сүўретлеў,

декоратив, архитектура усаған түрлерин өз ишине алады. Сүўретлеў өнерин ҳәр тәреплеме үйрениў арқалы, оқыўшылардың сана-сезиминде, тәлим-тәрбиясында көркем мәдениятлылықты көркем билимлерди қәлиплестиремиз. Егер илимий жақтан сүўретлеў өнерине талқылаў жасасақ ол ҳәр қыйлы түрлерге ҳәм жанрларға бөлинип кетеди.

Бул жанрлар түрлер де өз нәўбетинде майда бөлимлерге, түрлерге, усыл ҳәм методларға ажыратылады. Улыўма сүўретлеў өнери реңли сүўрет, графика, мүсиншилик, декоратив қол өнери, архитектураға бөлиў арқалы, усы түрлерге сай жанрларға дусласамыз. Оларға тийкарынан портрет натюрморт, пейзаж, турмыслық жанр, тарийхый жанр, батал жанры (урыс көринисиниң сүўретлениўи), анимал жаңр (ҳайўанлар, қуслар ҳ.т.б. сүўретлениўи) маринистлик жанр (теңиз көринисин сүўретлеўшилер) болып бөлинеди .

Сүўретлеў өнерине итибар беретуғын болсақ, оның адамзат тарийхында пайда болыўы, раўажланыўы ислениў усыллары, реңлерде боялыўы ҳәм өзине тән өзгешеликлери, оқытылыўы тәлим-тәрбиялылық мәселелери әсиресе Қарақалпақстан сүўретшилериниң дөретиўшилигин улыўма тәлим бериў мектеплеринде үйретиў, оның өзине тән өзгешеликлери ҳаққында мағлыўматлар топлаў үлкен әҳмийетлиликке ийе.

***Temanın` aktuallıg`ı: :*** Bakalavr pitkeriw jumısı ««Сүўретлеў өнери сабақларында Қарақалпақстан сүўретшилериниң дөретиўшилигин үйретиў методикасы» teması boyınsha orınlang`an. Jumıstın` aktuallıg`ı ulıwma orta ta`lim mektepleri oqıwshıların su`wretlew o`neri sabaqlarında watanparwarlıq ruwxında ta`rbiyalaw bolıp esaplanadı. Ha`zirgi ku`nde jaslarımızdı watandı su`yiwge, olardı watanparwar, Watang`a sadıq perzentler etip ta`rbiyalaw en` tiykarg`ı wazıypa bolıp esaplanadı.

***Jumıstın` maqseti ha`m wazıypaları :***

Su`wretlew o`neri sabaqların o`zine ta`n arnawlı wazıypaları esaplanıp, olar barlıqtag`ı ha`m iskusstvodag`ı go`zzallıqlardı ko`re biliw, qabıl etiw, tu`siniw ha`m qa`dirlewge u`yretiw, estetikalıq ha`m ko`rkem talg`amdı o`siriw, balalardın` ko`rkem pikirlew do`geregin ken`eytiw, ko`rkem do`retiwshilik qa`bileti ha`m fantaziyasın rawajlandırıw, su`wretlew o`nerinin` teoriyalıq tiykarların (jarıqlıq-sayalar, ren`tanıw, perspektiva, kompozitsiya) menen tanıstırıw, su`wret sızıw, mu`sin jasaw ko`rkem qurıw-jasaw boyınsha elementar ko`nlikpelerdi payda etiw, baqlaw, ko`rip yadlap qalıp, shamalap ko`re biliw, hawa ha`m obrazlı ko`z aldına keltiriw, asbtrakt ha`m ma`nisli pikirlewdi rawajlandırıw su`wretlew, a`meliy ha`m arxitekturalıq o`ner do`retpelerin tu`singen halda oqıy alıwg`a u`yretiw o`nerge degen qızıg`ıwshılıqtı oyatıw, onı bahalaw, su`yiwge u`yretiw bolıp tabıladı.

***İzertlew obekti ha`m izertlew predmeti:*** ob`ekti- ulıwma orta bilim beriw mektepleri, predmeti – su`wretlew o`neri sabaqları .

***İzertlew metodikası ha`m metodologiyası:*** İzertlew metodları baqlaw, a`debiyatlar analizi, ta`jiriybe isi, gu`rrin`, illyustratsiya islew, kompozitsiya islew, ren` tallawdın` analizi.

***İzertlew na`tiyjelerinin` ilimiy ta`repinen jan`alıq da`rejesi*:** Bul bakalavr pitkeriw jumısı referativ metodikalıq ha`m a`meliy xarakterge iye. Ulıwma orta bilim beriw mektepleri oqıwshıları menen islesiwde O`zbekstan ha`m Qaraqalpaqstan su`wretshilerinin` do`retpelerinin` u`lgilerinen paydalanıw.

***İzertlew jumısının` a`meliy a`hmiyeti ha`m en jaydırılıwı:*** Ulıwma orta bilim beriw mektep oqıwshıları menen ushın su`wretlew o`neri sabaqlarınan gu`rrin`ler alıp barıwda, ko`rgizbe qural ha`m lektsiya sabaqlarında metodikalıq qollanba retinde paydalansa boladı.

***Jumıs du`zilisi ha`m quramı :*** Jumıs kirisiw, тийкарғы бөлим, juwmaqlaw, paydalanılg`an a`debiyatlar diziminen, ha`m qosımsha materiallar ҳәм иллюстрациялардан ibarat.

***Orınlang`an jumıstın` tiykarg`ı na`tiyjeleri:*** Biz o`z jumısımız dawamında isimizdin` maqseti ha`m wazıypası, sonın` menen birge onın` a`meliy za`ru`rligin ko`rsetiwge ha`reket ettik. Oqıwshılardın` oy-o`risi, sanasının` shen`berinin` ken` bolıwı, onın` zamanago`y jetik insan bolıp qa`liplesiwinde u`lken rol` oynaydı.

***Juwmaq ha`m usınıslardın` qısqasha ulıwmalastırılg`an sıpatlaması:*** Ha`r qanday oqıw predmeti ta`lim mazmunında qaraqalpaq xalqının` jaratqan biybaha bay, ma`deniy miyrasının` o`zine ta`n ko`rinislerin o`zine tiykar etip alıwı kerek. Milliy o`nerimiz bizin` maqtanıshımız bolıp, onı biz ken` u`yreniwimiz ta`biyg`ıy jag`day. Biraq, du`n`yada barlıq xalqlar ta`repinen ta`n alıng`an ulıwma insanlıq ko`rkem qa`diriyatlar bar. Olardı oqıwshılarg`a u`yretpesten turıp, xalqımız du`n`ya ju`zlik ma`deniyattın` o`z ornın taba almaydı. Bolmasa, oqıwshılarımız milliy qabıqqa aralasıp kalıp, du`n`yag`a belgili du`rdanalardı tanıy almay qaladı. Ayrıqsha atap o`tiwimiz kerek-ko`p a`sirlerden berli rawajlanıp kelgen milliy ko`rkem ma`deniyatımız su`wretlew o`neri, dekorativ-a`meliy o`ner, arxitekturalıq bezew o`neri haqkında tiyisli bilimler beriw menen bir qatarda oqıwshılarg`a su`wretlew ha`m a`meliy o`nerden beriletug`ın ko`nlikpelerdi umıtpawımız kerek.

## *I. 1. Улыўма тәлим бериў мектеплеринде сүўретлеў өнери сабақларына қойылған улыўма талаплар*

Улыўма тәлим бериў мектеплериниң баслаўыш классларында суўретлеў өнериниң мақсети ҳәм ўазыйпалары тийкарынан бәркамал әўладты, кәмил инсанды ҳәмде олардың көркем мәдениятын, руўхый дуньясын қәлиплестириўге ҳәм раўажландырыуға қаратылған.

Өзбекстан Республикасы Президенти атап өткениндей Өзбекстанды жаңалаў ҳәм раўажландырыўдың өз жолы тийкарғы төрт негизге тийкарланады.

- Улыўма инсаный қәдириятларға садықлық.
- Халқымыздың руўхый мийрасын беккемлеў ҳәм раўажландырыў.
- Инсанның өз имканиятларын еркин жүзеге шығарыў.
- Ўатан сүйиўшилик.

Демек руўхыйлықты қәдирлеў, оны қорғаў, абайлап асыраў келешекке үмит бағышлайды. Халықтың жоқары руўхыйлығын үгитлеўде мәденият, әдебият ҳәм көркем-өнер әҳмийетли дерек болып хызмет етеди. Халықта ўатан сүйиўшгилик сезимлерин күшейтеди.

Ўатанды сүйиў дегенде халықтың мәдений тарийхый билиўге умтылыў, оны нәсиятлаўды аңлаў керек. Ата-бабаларымыздың жасаў тәризи, исеними, мәдений ҳәм тарийхый естеликлери, олар ким тәрептен қурылған, әдебият ҳәм мәдениniят тарийхы пән ҳәм хызметкерлери ҳаққындағы мағлыўматлар, олардың жаратқан илимий шығармалары, халық дөретиўшилигин халық санасына сиңдириў сыяқлы ис-илажлар миллий өзликти аңлаўды қәлиплестиреди [5 ; 13-14].

Суўретлеў өнери ҳәр бир инсан ушын зәрур болған көркем мәдениятқа байланыслы элементар, әпиўайы билим ҳәм көнликпелер

береди. Сондай-ақ суўретлеў өнери оқыўшыларды эстетикалық жақтан, сиясый- идеялық, әдеп- икрамлылық ҳәм мийнет бойынша тәрбиялаўды әмелге асырыўда оғада улкен роль ойнайды. Соның менен улыўма тәлим бериў мектеплериниң баслаўыш классларында суўретлеў өнериниң арнаўлы тәлим- тәрбиялық ўазыйпаларының қатарына төмендегилерди киргизиўге болады:

-оқыўшыларда айнала әтирапымыздағы, қоршаған орталықтағы затларға ҳәм ҳәдийселерге эстетикалық қатнас жасаўды пайда етиў, оларда гөззаллықты сезе билиўге, шынлықты тусиниўге ҳәм турмыста колланыўға уйретиў;

-көркем мәдeният көринислери ҳәм олардың жәмийет турмысындағы ролин тусиниўин раўажландырыў;

-оқыўшыларға реалистлик суўрет салыўдың негизлери ҳаққында билим бериў, оларда заттың өзине қарап суўрет салыў, тема тийкарында суўрет салыў, декоратив суўрет салыў ҳәмде гуррин өткериў сабақлары бойынша уқып ҳәм көнликпелерди пайда етиў;

-оқыўшыларда суўретлеў ҳәм әмелий өнер, соның менен бирге архитектура өнериниң өзине тән өзгешеликлери менен терең таныстырып, оларда усы көркем өнер тараўлары ҳаққындағы тусиниклериниң өсиўине жәрдемлесиў.

Суўретлеў өнериниң тийкарғы ўазыйпаларының бири, бул оқыўшыларға эстетикалық, атап айтқанда гөззаллық, көркемлик тәрбия бериўден ибарат. Сонлықтан эстетикалық тәрбия оқыўшылардың кунделикли турмысындағы, тәбияттағы, көркем өнердеги адамлардың өз- ара қатнасындағы гөззаллықларды толық тусиниў уқыбын тәрбиялаў ҳәм гөззаллық нызамлары тийкарында дөретиўшиликлерин өсириўден ибарат. Себеби гөззаллық оқыўшылардың ақыл ойына, кеўил кушине, еркине тәсир жасап руўхый дуньясын байытады.

Суўретлеў өнери көнликпелерин раўажландырыў процессинде оқыўшылардың көркемлик талғамлары, сезим- туйғылары ҳәм идеялық фантазиялары, ойлаў, пикирлеўлери қәлиплеседи.

Оқыўшыларды ҳәр тәреплеме тәрбиялаў ҳәм дунья қарасын раўажландырыўда оларға тәбияттағы гөззаллықларды, ҳәр қыйлы форма ҳәм реңлерди көрсетиў ҳәм олардың өзине тән өзгешеликлерин тусиндириў, уйретиў ең тийкарғы ўазыйпалардан есапланады. Солай екен улыўма тәлим бериў мектеплериниң баслаўыш классларында суўретлеў өнерин оқытыў арқалы бир қатар тәлим- тәрбиялық ўазыйпалар әмелге асырылады. Бул өз гезегинде оқыўшылардың суўретлеў өнери бойынша ой- өрисин раўажландырыўға мумкиншилик береди, олардың қоршаған орталық ҳаққындағы тусиниклерин улыўмаластырады ҳәм тереңлестиреди. Усылардың тийкарында оқыўшыларда дуньяға болған реалистлик көз- қарас қәлиплестириледи.

Өзбекстан Республикасы Ўәзирлигиниң 1999- жыл 16- августта қабыл етилген қарарына муўапық 1999- 2000 оқыў жылынан баслап улыўма тәлим бериўши мектеплерде оқытылатуғын пәнлер қатарында суўретлеў өнери пәни бойынша да мәмлекетлик стандартлар енгизилди. Мәмлекетлик тәлим стандартларының ислеп шығылыўы ең дәслеп Өзбекстанның өз ғәрезсизлигине ерисиўи, оның дунья жузи жәмийетшилигине актив араласып барыўы менен байланыслы. Сонлықтан ҳәр бир пән бойынша, соның ишинде көркем- эстетикалық тараўдағы пәнлерден мәмлекетлик тәлим стандартларының жаратылыўы, оның ҳукимет тәрепинен нәзерге алынып қоллап қуўатланыўы улкен илимий ҳәм әмелий әҳмийетлиликке ийе болған ўақыя болып табылады.

Суўретлеў өнери бойынша тастыйықланған мәмлекетлик тәлим стандарты Өзбекстан тарийхында ең бирinши рет жаратылған болып, ол республикамыз мектеплеринде билимлендириўди жоқары илимий-

методикалық тийкарда шөлкемлестириўге ҳәмде оны дунья жузи стандартлары дәрежесине алып шығыўға имканият жаратады.

Тәлим стандарты мәмлекет тәрепинен билимлендириў тараўының алдына қойылған талаплардың туўры ҳәм қәтесиз әмелге асырылыўына шәраят жаратыў менен бир қатарда, мектеплердеги тәлим- тәрбия жумысларын қадағалап турыўшы органлар (мекемелер) ушын да тийкарғы ҳужжет ўазыйпасын атқарады.

Мәмлекетлик тәлим стандартының мазмунынан келип шыққан ҳалда улыўма тәлим бериўши мектеплеринде суўретлеў өнери сабақларының төмендегидей турлери алып барылады.

## II. Tiykarg`i bo`lim

### II. 1. Мектеплерде Қарақалпақстан сүўретлеў өнерин методикалық үйрениўдиң мақсети ҳәм ўазыйпалары

Бүгинги жаңаланыў ҳәм өзгерислер дәўиринде илим пәнниң раўажланыўына, оның еледе жоқары дәрежеде изертлениўине үлкен имканиятлар жаратылмақта.

Бизлердиң ана журтымызда туўылып өскен, дөретиўшилик еткен уллы сүўретшилеримиздиң басып өткен илимий жолы, олардың дүнья цивилизациясына қосқан үлеси, бай манаўий мийрасы бүгинги жас әўлад тәрбиясында ҳәм оларды кәмилликке жеткериўиндеги орны гиреўли есапланады. Бул  ҳаққында Президентимиз : «Әсирлер сынаўынан өткен, уллы бабаларымыз бизге қалдырған мәнаўий мийрасы арқалы ой-пикиримизди заманагөй улыўма инсаный руўхы менен байытыў ҳәммемиздиң баслы ўазыйпамыз есапланады» [ 6; 25].

Усы көз-қарастан ҳәзирги заман талапларына муўапық улыўма тәлим беретуғын мектеплерде сүўретлеў өнери пәниниң оқытылыўы оқыўшылар арнаўлы сүўретшилик илимине тийкарланған билимлерди ийеллеў барысында, көркем руўхта тәрбияланадыв. Қоршап турған орталықты ҳәм улыўма көркем өнерди эстетикалық түсиниў жолларын өзлестиреди, ондағы ҳәмме заттың гөззаллығын аңлай билиў түсинигин раўажландырады.

Сүўретлеў өнери сабақлары процессинде оқыўшылардың көркемлик дөретиўшилиги ҳәм сезгирлиги өседи, көркемлиликти пикирлеў билими

кеңейеди. Соның менен бирге мектеплерде сүўретлеў өнеринен өткерилетуғын сабақлар төмендегилерди нәзерде тутады :

- оқыўшыларды айнала дөгеректеги, турмыстағы ҳәм сүўретлеў өнериндеги гөззаллықты сезиниўге үйретиў, оларда әдеп-икрамлылық, эстетикалық қатнасықларды, көз қарасты қәлиплестириў ;

- реалистик сүўреттиң әпиўайы тийкарларынан билим бере отырып, оларда заттың өзине қарап сүўретин салыў, ядтан, көз алдына келтириў, сүўрет салыў, пласталин яки ылай менен ислеў уқып, көнликпелерин қәлиплестириў ;

- декоратив өнер, декоратив-турмыслық өнер тараўындағы жумыслардың өзгешелиги менен танысыў, оларда сүўретлеў өнери (көркем өнер) шығармаларын эмоцоинал сезиниўди тәрбиялаў ;

- оқыўшыларға сүўретлеў өнериниң тийкарғы түрлери ҳәм жанрлары жөнинде түсиник бериў, оған байланыслы сүўретшилердиң шығармалары менен таныстырыў, әсиресе халық сүўретлеў өнери шығармаларының гөззаллығын сезе алыўға үйретиў ;

- көркемлилик билимлерди бериў арқалы (оқыўшыларды дөретиўшилик толғаныс сезимлерин, дүньятаныўды қәлиплестириў, қыялын өстириў, образлық сүўретлеў композиция бойынша уқып, көңликпелерин өсириў).

Демек, сүўретлеў өңери оқытыўшысы оқыўшыларға тыянақлы билим бериў ушын әлбетте, өзи усы билимлер системасы менен қуралланған болыўы шәрт. Әсиресе бүгинги дәўир талабына сай республикамызда Қарақалпақстан сүўретлеў өнериниң раўажланыўы, оның тарийхзый басып өткен жолып билиў педагогтың – (сүўретлеў өнери оқытыўшысының) тийкарғы миннетли ўазыйпасы болып табылады.

Қарақалпақ жери (территориясы) Хорезм ханлығына қараслы дәўирде де адамлар ҳар қыйлы буйымларды турмыс талабына сай жасап

ҳәм қолланып келген ; буйымларға : олардың пайдаланыўына, көркемлик жақтан безелиўине, қолланыў ийкимлигине терең итибар берген.

XIX әсирдиң ақырларынан баслап қарақалпақларды сүўретлеў өңери тараўынан әсиресе декоратив қол өнери жүдә пәт пенен раўажлана басладыв. Бул ўақытлары тоқымашылық өнери, яғный ҳәр қыйлы кийими-кеншеклерге, үй турмысындағы пайдаланып жүретуғын буйымларға тоқыма нағыслар ислеў, шыпталар тоқыў (кийизлер басыў), гилемлер тоқыў, терилерге нағыслар ислеў, ағашларға деократив ислеў бериў ҳәмде ҳәр қыйлы усылдағы басқада қол өнерлери кеңнен раўажланды. Гилем тоқыўшы усталар киши өлшемдеги гилемлерден баслап 16-метрлик палас- гилемлерге шекем жаратты. Тоқыў ўақтында улыўма рең гаммасы сақланған болсада, бирнешше турдеги реңлер пайдаланылар еди. Нағыс орнаментлериниң үйлесиўи, жайласыўы ҳәм өз орнына пайдаланылыўы соншелли дәрежеде жоқары болды, ҳәттеки гилемлердиң сыртынан қарағанда живопись шығармаларын (картиналарына) уқсап кетеди. Тукли гилемлер көбинесе рельефли көриниске ийе болатуғын еди, себеби гилем бетиндеги нағыс элементлери яки нағыс композициялары, улыўма фонга салыстырмалы бөртип тоқылатуғын еди. (1-сүўрет)

Халық қол өнериндеги ең бир тийкарғы орында кийим-кеншек тигиў, тоқыў оны декоратив жақтан безеў ҳәм де қара үй (юрта) ушын керекли безеў үскенелерин жасаў әҳмийетли еди. (2-сүўрет)

Кийим-кеншеклерге декоратив сүўрет салыўда тийкарынан пахта сабақларынан ҳәм жун сабақларынан пайдаланылады. Ана тәбиятымызға сай таза ҳәм тынық реңлер қара үй ишинде де, сыртында да көтеринкилик руўхты (кеўилди) хошлар еди.

Әлбетте нағыс элементлеринде, олардың реңлери де айлана этирапымызды қоршап турған тәбият орталығы менен тиккелей ҳәм

тығыз байланыслы болады. Әсиресе ағашларға ҳәм металларға декоратив безеў бериў, яғный нағыс салыў ер адамлардың тийкарғы талапларынан бири еди. Халық усталары металдан ҳаял-қызлар ушын өңир моншақлар, билезиклер жүзик ҳәм сырғалар жасады. Оларға ҳәр қыйлы таслардан қатырып (желимлеп) нағыс композицияларын дүзди, қаслар қондырды. Қыз келиншеклерге ҳәйкеллер (3-сүўрет) сәўкелелер (4-сүўрет) ҳәм т.б. безениў моншақларын ҳәр қыйлы формалары жүдә көркем ҳәм шырайлы исленген еди. Усы жерде формалар ҳаққында сонны айтып өтиўимиз керек, қарақалпақлар өз өнеринде улыўма Орта Азияга дәрек – (сай) болған нағыс салыўдың нызамлылықларын өз ишине алады. Халқымыздың усталары бир қыйлы туўрысызлықтан, мүйешликлердиң бирден бурылыўларына қарсы болды. Биракта декоратив сүўрет, безиў жумысларында буйымлардың қырларынан дөңеслигине, домалақлығына нағыс элементлерин сызыўда ҳәр қыйлы ийрек сызықлардан пайдаланыўға кеўил болды. Бул дәстүрлер, қолланылған нағыс элементлери бүгинги заманагөй дәўирде де өзлериниң қунын жойтқан жоқ.

Қарақалалпақ нағыс үлгилери бүгинги күнде үйренилип, изертленип әмелде, әсиресме мектеплерде сүўретлеў өнери сабақларында кеңнен пайдаланылып атыр. Бул бағдарда сүўретлеў өнери оқытыўшысы әдеўир хызмет етпекте.

Қарақалпақстан сүўретлеў өнериниң реңли сүўрет, графика, мүсиншилик тараўларындағы жетискенликлери, раўажланыў тарийхына тоқтайтуғын болсақ олардың өмири жүдә жас.

Қарақалпақстан сүўретлеў өнери шеберлериниң көркем шығармаларында туўылған елдиң гөззаллығын тәбият жаратқан шырайлықларын, халықтың аўыр мийнетлери ҳәм жетискенликлери сүўретленген.

Реңли сүўрет Қарақалпақстан сүўретшилериниң дөретиўшилик мийнетлеринде оғада әҳмийетли орын ийеллейди. Сүўретши К.Сайыпов, Ф.Мадгазин, И.Савицкийлардиң көркем шығармаларында тамашагөйлер Қарақалпақстанның ең арқасынан баслап түслигине шекемги орталықтың, тәбият гөззалығының өзине тән өзгешеликлери менен танысады. Заманагөй турмысты жырлаўда әсиресе, сүўретшилерден Б.Серекеев, Ж.Бекановлардың мийнтелери адамларда қызғын тәсир қалдырады. Бүгинги дәўиримизде Қарақалпақстанның реңли сүўрет тараўындағы жетискеншиликлери уллы. Бир неше сүўрет усталары жетилисип шықты. Олардан Өзбекстан Республикасы Сүўретшилер академиясының академиги Ж.Изентаев, сүўретшилер А.Еримбетов, Б.Тогызбаев, М.Худайбергенов, Ж.Лепесов, А.Утегенов, Б.Айтмуратов ҳәм т.б. ды атап өтсек арзыйды. Бул сүўретшилеримиздиң халқымыз турмысын ҳәм келешегин жырлайтуғын шығармалары Қарақалпақстан халқына илҳам ҳәм йош бағышлайды.

1970-1980 жылларында Қарақалпақстанда әжайып үш мүсинши (скульптор) жетилисип шықты. Олардың барлығында тийкарынан ағаш материалларында шығармалар дөретти. Мүсинши Ж.Куттымуратов өзиниң көркем жумысларында қарақалпақ халқының басынан өткен қыйыншылықлары, халық эпосларын ҳәм легендаларына тийкарлана отырып образлар дөретти.

А.Атабаев халық миллий орнаментлериниң жоқ болып кетиўиниң алдын алыўға еристи. Ол өз жумысларында есикке нағыс ойыў, халық саз әсбапларын безеў ҳәм турмыстағы керекли буйымлар ҳәм жарақлардың эстетикалық безелиўин бүгинги әўладларға мийрас етип қалдырды. Нәтийжеде заманагөй декоратив қол өнериниң раўажланыўына жол ашылды.

Мүсинши Д.Төрениязовтың дөреткен көркем мийнетлеринде биз қарақалпақ халық фольклоры ҳәм образларына тийкарланған темадағы шығармаларының гуўасы боламыз.

Д.Төрениязовтың дөреткен көркем шығармалары үлкен әҳмийетлиликке ийе, себеби оның жумысларында әпиўайы халық турмысынан алынған сюжетлерди, көринислерди ҳәм образларды тамаша қыламыз.

Графика өнери Қарақалпақстанда китап шығарыў менен тиккелей байланыслы раўажланды. Лекин Қарақалпақ графиклеринен әсиресе, 60-жылларында театр спектакллери ҳәм концертлери ушын К.Сайыпов бир неше мийнетлер иследи, дөретти. К.Нажимов бүгинги күнимизге дейин ктап безеў тараўында әдиўли мийнетлер етип келмекте.

К.Бердимуртовтың қарақалпақ фольклоры ушын дөреткен «Ески мектепте» атлы графикалық жумыслары үлкен әҳмийетлиликке ийе. Соның менен бирге ол О.Л.Жолдасованың портретлери, А.Курбанбаевтың пейзажларында қарақалпақ сүўетшилериниң дөретиўшилик искерлигинде графиканың әҳмийетли орин ийеллейтуғынын дәлиллейди.

70-жыллардын басларынан баслап заманагөй архитектураның раўажланыўы нәтийжесинде имаратлардың монументаллық шығармалар менен көркем безеўлери Қарақалпақстан сүўретлеў өнерниң улыўма ҳәр бир жанрында ҳәм тараўларындаы жетискенликлеринен дәрек береди. Айрықша бундай безеў жумысларында декоратив-монументаллық паннолар жаратыўда сүўретшилерден Ф.Есенгалиев, М.Ишанов ҳәм С.Султамуратовлардың композициялық шығармалары әҳмийетли деп тән алсақ арзыйды.

Улыўма Қарақалпақстан сүўретлеў өнериниң усындай жетискенликлерин, оның раўажланыўын, өзине тән өзгешеликлерин

билиў ҳәм турмысқа ендириўде сүўретлеў өнери оқытыўшысының орны өз алдына.

Ҳәр бир сабақ тури бойынша оқыўшылардың тәлим тәрбиясына, көркем билимлериниң раўажланыўына үлес қосады.

Сонлықтан да оқыўшыларға сүўретлеў өнери муаллим реал сүўрет салыўдың қағыйдаларын ҳәм нызамлықларын сиңдириўде, композиция, перспективаның турлери, реңлердиң әҳмийетлилиги ҳаққында мағлыўматларды миллий Қарақалпақстан сүўретшилериниң көркем мийнет дөретпелеринен пайдаланады.

Әлбетте бул жерде сол нәрсени нәзерде тутыўымыз керек, басқа еллердиң сүўретшилериниң дөреткен мийнетлеринен пайдаланыўға болмайма, - деген пикирлер туўылыўы мүмкин.

Бирақ биз шет еллер, қоңсылас еллер сүўретлеў өнериниң жетискенликлерин тән аламыз, сүўрет сабағында кеңнен пайдаланамыз, жақсы тәреплерин ашып көрсетемиз. Тек ана солара қосымша мектеп оқыўшыларын көркемлик жақтан тәрбиялаўда ҳәм билимлендириўде жергиликли халық көркем ҳәм сүўретлеў өнерин нәтийжели пайдаланыў мақсетке муўапық болады.

Тилекке қарсы бизин бүгинги сүўретлеў өнери оқытыўшыларымыздың басым көпшилиги реңли сүўрет, графика, мүсиншилик шығармаларын дурыс баҳалай алмайды, нәтийжеде заманагөй идеялық ҳәм көркемлилик талапларға жуўап бере алмайды, сабақ процессинде дөретиўшилик характерде жумыс алып бармайды. Усындай кемшиликлерди есапқа алып сүўретлеў өнери оқытыўшысының алдына улыўма сүўретлеў өнерин, әсиресе Қарақалпақстан сүўретлеў өнерин методикалық жақтан үйрениў педагогикалық илимниң алдына ең тийкарғы ўазыйпа етип қойылады. Демек, биз педагогларға сүўретлеў өнериниң тийкарларын илимий

дәстүрлер, миллий көркем өнер дөретпелериниң мазмуны арқалы үйрениў ўазыйпасы жүкленген.

Оқыўшыларды миллий халық сүўретлеў өнерине болған эстетикалық көз қарасын қәлиплестириўге қаратылған.

Улыўма тәлим бериў мектеплеринде сүўретлеў өнери пәни бойынша усы сабақ түрлерин оқытыўда әсиресе Қарақалпақстан сүўретлеў өнерин методикалық жақтан үйрениў әҳмийетли орын тутады. Себеби ҳәр бир инсан ушын өз Ана –Ўатанының тарийхын, салт дәстүрлерин, халқына тән болған өзгешеликлерин ҳәм мийрасларын билиў ҳәм қарыз ҳәм парыз. Соның ишинде халық өнери (сүўретлеў өнери) ҳаққындағы түсиниклерди келешек әўладларға жеткерип бериўде биз педагогларға үлкен миннетли ўазыйпа жүкленген. Сүўретлеў өнери пәни оқытыўшысы оқыўшыларды халық өнери шығармалары менен таныстырыў арқалы оқыўшыларда гөззаллық, әдеп-икрамлылық, Ўатан сүйиўшилик тәрбияларын оятады, көркем билимлерин кеңейтеди.

Мине усыллардың барлығын улыўма есапқа алып заттың өзине қарап сызыў сабақларында оқыўшылардан перспективаның турлери, компоновка, композициялық жайластырыў ҳаққындағы түсиниклердиң қәлиплесиўи талап етиледи.

Буны әмелге асырыўда бир қатар сүўретшилердиң шығармалары (картиналарын) талқылаў мақсетке муўапық келеди. Мысалы: сүўретши Ж.Изентаевтың «Натюрморт с кабакой», И.Жаксыбаевтың «Дыни» ҳәм К.Куламетовтың «Натюрморт с арбузом» деген шығармалары сөзимиздин дәлийли болады алады. Соның менен қатар үлкемиздиң тәбияттының көринисин сүўретлеўши бир қатар шығармаларда айтып өтетуғын болсақ А.Утегеновтың «В ауле», Г.Лазьконың «Амударинский залив», Ю.Бусловтың «Әмиўдәрья арнасы» ҳәм «Арал теңизи» атлы картиналарында ҳаўа перспективасы жүдә анық ҳәм ықшам сүўретленген. Бул шығармаларда әсиресе реңли сүўрет салыўдағы

оқыўшы алдына қойылатуғын талаплардың бири, реңлердиң алмасыўы қағыйдасы туўралы мағлыўматларды айқын көремиз. Сүўрет салыўшыда узақласқан сайын затлардың (предметлердиң) өлшемлериниң киширейип баратуғынлығында сүўретин сеземиз.

Тема тийкарында сүўрет салыў пайытында әсиресе турмыслық ўақыяларға шекем сақланады. Тематикалық сүўрет сабақларында оқыўшылар заттың өзине қарап сүўретин салыў, декоратив сүўрет салыў, искусство ҳаққында гүрриңлесиў сабақларында алған билим ҳәм тәжирийберин кең пайдаланылады. Тема тийкарында сүўрет салыў сабақларында балалардың фантазициясы ҳәм көз алдына елеслетиў актив хызметке айланады. Сондай-ақ бундай шынығыўлар дүньяны таныў ушын хызмет етеди. Әсиресе Қарақалпақстан тәбиятының өзине тән өзгешеликлери менен, ондағы жасап атырған адамлар турмысы менен терең танысады. Усындай қәбилетлерде мектеп оқыўшыларында қәлиплестириў мақсетинде сүўретши Мадгазинниң «Күнниң батыўы», Жолдасовтың «Жампық қала», К.Бердимуратовтың «Қыз узатыў», Р.Матевосянның «Чабаны на отдыхе», А.Утегеновтың «В ауле» атлы шығармаларынан кең пайдаланыўына айрықша әҳмийетли.

Соның менен қатар декоратив сүўрет салыў сабақларында оқыўшыларды қарақалпақ миллий қол өнери дөретпелери менен таныстырыў арқалы нағысшылықтын әсиресе, миллий орнаментлердиң (элементлердиң) формаларын өзлестирип алады. Бул ушын сабақ ўақтында, яки гүррин өткериў пайытында ҳәр қыйлы қарақалпақ шеберлериниң декоратив қол өнери дөретпелериниң пайдаланыўы (репродукциялардың, иллюстрациялардың ҳәм ҳәр қыйлы үлгилердиң) өз алдына тәсир қылады. Мысалына: сандықтағы нағыслар, ергенектеги ағаш оймалар, билезиктеги қурақ көрпеше ҳәм т.б. буйымлардағы нағыс көринислери.

Гүрриң өткериў сабақларында оқыўшылар тек ғана айнала этирапымызда жүз берип атырған қубылысларды емес, ал сүўретлеў өнериниң шынлығында түсинип алады. Тәбиятты бақлай билиў оқыўшылар тәрепинен затлардың формасын түсинип алыўға, хәр урли рең бирикпелерин көре билиўше алып келеди. Бақлаўшылық тәбиятты түсиниўди жеңиллестиреди. Сондай-ақ тәбият пенен бир қатарда, ҳайўанлар ҳәм қуслар және де қурылыслар, архитектура естеликлери, турмыслық буйымлар ҳәм де халық әмелий қол өнери үлгилерин үйрениўди өз ишине алады.

Сүўретлеў өнериниң шынлығын түсиниўде оқыўшылар хәр түрли сүўретшилердиң творчестволық жоллары, дөреткен шығармалар ҳәм жанрлары менен танысады. Олардың ислеў усыллары, сүўретлеў өнери шығармаларын ислеўде қолланылған реңлердиң байлығы туўралы түсиникке ийе болады.

Оқыўшылар Қарақалпақ сүўретшилериниң көркем дөретпелери ҳәм сүўрет шығармалары менен атап өтетуғын болсақ, Ж.Изентаевтың реңли шығармалары «Натюрморт с кумганом», «Натюрморт с тыквой», «Натюрморт с молотилкой», «Свадьба», Д.Төрениязовтың мүсинлери «Портрет Бердаха», «Чабан», «Птица Дружба», К.Бердимуратовтың «Әжинияз Қосыбай улы», «А.Досназаров» атлы мүсинлери; Портрет жанры бойынша М.Худайбергеновтың «Портрет А.Утегенова», «Портрет дочери Загипы», Сүўретши Г.Реймовтың «Портрет мальчика», Ж.Изентаевтың «Т.Жумамуратов портрети» шығармаларын талқылаў арқалы көркем образлар ҳаққында күшли тәсирлер алды, оларда хәр түрли пикир ҳәм сезимлер оянды.

Демек, оқытыўшының ең тийкарғы ўазыйпасы сүўреттиң мазмунын түсиндирип бериў менен шегараланып қалмастан, ал оған белгили қатнасларда болыўға үйретиў. Сүўреттиң көркемлик тилин түсиндириў

сүўретшиниң сүўретленген пикир ҳәм сезим туйғыларын усыл ҳәм қуралларын оқыўшылар санасына жеткезиўден ибарат.

Бул ўазыйпаны әмелге асырыўда Қарақалпақстан сүўретлеў өнери шығармаларынан көширилген реңли репродукциялардан, иллюстрациядан, диапозитивлерден пайдаланыў илажы болса ҳақықый нусқадан пайдаланыў сөзсиз нәтийже береди.

## *II.2. Қарақалпақстан сүўретшилериниң дөретиўшилигин үйренриўдиң тәлим-тәрбиялық әҳмийети*

Сүўретлеў өнериниң тийкарғы ўазыйпасының бири оқыўшыларға көркемлик билим ҳәм тәрбия бериўден ибарат. Көркемлик билим ҳәм тәрбия бул оқыўшылардың турмысындағы, тәбияттағы, көркем өнердеги, адамлардың өз-ара қатнасықларындағы гөззаллықларды толық түсиниў уқыбын тәрбиялаў ҳәм гөззаллық нызамлары тийкарында дөретиўшилигин өсириўден ибарат. өйткени, гөззаллық оқыўшылардың ақыл ойына, билимине психологиясына тәсир жасап, руўхый дүньясын байытады.

Мектеплерде сүўретлеў өнери шынығыўларының оқыўшылардың дөретиўшилигин өсириўдеги роли оғада үлкен. Себеби ол турмысқа, айнала әтирапқа эстетикалық қатнас жасаў илхамының тийкары болып, сүўретшиликти қуўаныш ҳәм руўхый азық дәрежесине айландырыўға жәрдемлеседи.

Тәлим тәрбия процессинде оқыўшылардың көз карaслары, сезим туйғылары, талғамлары ҳәм идеялары қәлиплеседи. Бул қәлиплесиў идеялық сиясий тәрбия менен дөретиўшилик ой пикирдиң раўажланғанлығы менен тығыз байланыслы болады. Мине усы характерли өзгешеликлерди өсириўде үлкетаныў материалларының, яғный Қарақалпақстан сүўретлеў өнери шеберлериниң дөретпелеринен нәтийжели пайдаланыў үлкен роль атқарады. Заттың өзине қарап

сүўретин салыў процессинде Қарақалпақ миллий саб әсбапларының, үй турмысында қолланылатуғын қуман, гүзе, суў қабақлар, хәр қыйлы ләгенлер, ағаш қасықлардан пайдаланыў арқалы оқыўшылар затлардың формасын пропорционаллығын, кеңисликтеги ийеллеген жағдайы, реңи хәм ашық тойғынлығы жағынан салыстырмалы қатнасын дыққат пенен үйренеди. Соның менен қатар нәрселердиң турмыстағы роли, хызметин билип алады, усы мағлыўматларға қосымша бурынғы қарақалпақ халқының тарийхы хәм мәдениятының раўажланыўынан гейпара мәселелери менен танысады. Усы тийкарда оқыўшылар алдында сүўретши Ж.Изентаевтың «Саз әсбаплары сүўретленген натюрморт», «Натюрморт с кабакам» шығармалары, сүўретши И.Жаксыбаевтың «Қумғаны» шығармасының репродукцияларын демонстрациялаў жоқары нәтийже береди.

Мектеплерде сүўретлеў өнерин оқытыў арқалы бир қатар тәлим – тәрбиялық ўазыйпалар әмелге асырылады. Бул ўазыйпаларды әмелге асырыў оқыўшылардың ой өрисин раўажландырыўға мүмкиншилик береди, олардың қоршаған орталық туўралы түсиниклерин улыўмаласырады хәм тереңлестиреди.

Әйресе сүўретлеў өнери шынығыўларының әхмийетли ўазыйпаларының бири- бул оқыўшыларды сүўретлеў өнери шығармалары хәм оларды дөретиўшилер менен таныстырыў болып есапланады. Гүрриңлесиўдиң барысында оқытыўшы сүўретлеў өнериниң түрлери хәм жанрлары, туўысқан халық көркем өнер шығармалары, уллы Қарақалпақстан сүўретшилериниң өмири хәм дөретиўшилиги хаққында сөйлеп береди.

Хәр бир сабақ түринде сүўретлеў өнериниң жанрлары хаққында түсиник бериўде яки оқыўшылар менен натюрморт жанры хаққында гүрриң өткериўде Қарақалпақстанлы натюрморт жанрында сүўрет, жумыс ислейтуғын сүўретшилердиң шығармаларын мысал етип

көрсетиў усыныс етиледи : Лепесов Ж. «Розы и яблоко», К.Куламетов «Натюрморт с арбузом», Матевосяк Р. «Кухня», «Натюрморт с рыбой», Ж.Изентаев «Тыквы», «Натюрморт с маской», «Натюрморт с кумганом», Савицкий И.В. «Натюрморт с мимозой», «Натюрморт с Венерой».

Портрет жанры ҳаққында гүрриңлесиў процессинде муғаллимниң тийкарғы дыққатын жаратылған образлардың қаҳраманлық ислери ҳәм мийнетлерин оқыўшыларға ашып бериўге қаратылған. Оқыўшылардап болса сондай атақлы, абыройлы болыў, қаҳрамонлыққа ерисиў сезимлери раўажланады. Бул қәсийетлерди оқыўшылар кеўлинде қәлиплестириў мақсетинде : К.Бердимуратовтың «Бердақ портрети», К.Нажимовтың «Әжинияз портрети», К.Бердимуратовтың «Дийқан баба» мүсини, К.Куламедовтың «Ана портрети», Ж.Изентаевтың «Шайыр Т.Жумамуратов портрети», «Шайыр И.Юсупов портрети», Ж.Толегеновтың «Артистка А.Шамуратованың» мүсини шығармаларынан пайдаланыў орынлы болады.

Тарийхый жанр ҳаққында гүрриңлесиўде оқыўшыларда өз Ана-Ўатаның, халқының басынан кеширген қыйыншылықлары, аўыр мийнетлери, улыўма тарийхый раўажланыўлары туўралы түсиниклер пайда болады. Бүгинги жағдайға, турмысқа жетискенликлеримиздиң тийкарларын билип алады, руўхый сезимлери раўажланады. Усы бағдарда оқыўшылар алдында төмендеги сүўретшилердиң көркем шығармалары көргизбелилик хызметин атқарады:

К.Бердимуратов «Ески мектепте» графикалық жумысы, Мадгазин «Поскан ел», «Суў ушын гүрес», «Нөкис қорғаны», Б.Айтмуратов «Ерназар Алакөз», Ж.Изентаев «Бегжап трагедиясы», А.Еримбетов «Тарас Шевченко на Арале» ҳәм т.б.

Турмыслық жанры Қарақалпақстан сүўретшилериниң мийнетлеринде кең сәўлеленген. Буны оқыўшыларға жеткерип бериўде турмысымыздың әлўан-әўлан ўақыяларын халқымызға сай салт-

дәстүрлерин, миллий үрип-әдетлерин, жасаў турмысымыздың көринислерин көз алдына келтиреди ҳәм сана сезимлерине қабыл етеди. Турмыслық жанрда исленген сүўрет шығармаларынан оқыўшылар әсиресе тема тийкарында сүўрет салыў, еркин темада сүўрет салыў сабақларында пайдаланады. Сүўретшилеримизден Мадгазин «Өрмек тоқыў» ҳәм «Миллий липас» шығармаларында, К.Бердимуратов «Қыз узатыў» шығармасында, И.Жақсыбаева «Семья» шығармасында, Р.Матевосян «Чабаны на отдыхе» шығармасында, Г.Жеглов «В саду», А.Утегенов «Готовится к свадьбе», «Варит пищу» шығармаларында, А.Шпаде «Первый сбор хлопка», Б.Тогызбаев «Концерт на половом стане», Ж.Лепесов «Отдыхе в чайхане», Ж.Изентаев «Свадьба» шығармасында тийкарында турмыс әўҳаллары айқын сүўретленген.

Пейзаж жанры менен танысыў пайытында оқыўшылардың ана тәбиятымызға болған қызығыўшылығы артады, тәбият гөззаллығының қәдир қымбатлылығын түсинеди, рең-бәрең боялған сүўретлеў өнери шығармаларын көриў арқалы гөзаллыққа болған көз-қарасы раўажланады. Менде усындай сүўретши болсам екен деген тилеклер ой пикирлер ҳәм сезимлери пайда болады.

Әсиресе, эстетикалық тәрбиялары қәлиплеседи. Сүўретлеў өнери оқытыўшысы оқыўшыларды ҳәр тәреплеме тәрбия ҳәм тәлим алыўға бағдарлайды. Усы мақсетте пейзаж жанры бойынша дөретилген сүўретлеў өнери шығармаларын (Қарақалпақстан сүўретшилериниң мийнетлерин) оқыўшылар менен биргеликте талқылап мазмунын ашып береди. Мысалы, «Сүўретши Мадгазин», «Выгрузка Баржи», «Гидросоружение на Аму-Дарье», «Вечер на Аму-Дарье», «Тихий вечер», Сүўретши И.Савицкий «Вечер», «Летный день», сүўретши А.Утегенов «Сиреневый вечер», «Осень Шахамане», сүўретши М.Худайбергенов «Март», «Поля», сүўретши А.Курбанов «В ауле»,

сүўретши Э.Жолдасов «Жампық қала», «Мост через канал Кыз-кеткен» шығармалары айрықша тәрбиялық әҳмийетлиликке ийе.

Демек, усы процессте сабақ өтиў арқалы үлкетаныў материалларының оқыўшылардың тәлим ҳәм тәрбия алыўларына әдеўир үлесин қосады.

## I-СААТЛЫҚ САБАҚ КОНСПЕКТ

***САБАҚТЫҢ ТЕМАСЫ :*** Сүўретлеў өнериниң жанрлары ҳаққында гүрриң өткериў (натюрморт).

***САБАҚТЫҢ МАҚСЕТИ :*** Оқыўшыларда натюрморт ҳаққында улыўма түсиник бериў, натюрморт жанрында исленген сүўретлеў өнери шығармаларын оқый алыўға үйретиў. Натюрморт жанрында исленген сүўретлеў өнери шығармаларының өзине тән өзгешеликлерин көре билиўге үйретиў. Қарақалпақстан сүўретшилериниң усы жанрда ислеген дөретпелери менен таныстырыў. Оқыўшыларда миллийлик көз-қарасын раўажландырыў. Әтираптаы затларға ҳәм ҳәдийселерге эстетикалық мүнәсибетте болыўды қәлиплестириў.

***САБАҚТЫ ҚУРАЛЛАНДЫРЫЎ:*** Оқытыўшы ушын: натюрморт жанрында исленген сүўретлеў өнери шығармаларының репродукцияларының, Қарақалпақстан сүўретшилериниң шығармаларынан мысаллар: Ж.Изентаев «Натюрморт с кабаками», «Саз әсбаплары», «Натюрморт с маслобойками», И.Жаксыбаев «Қумғаны», К.куламетов «Натюрморт с арзам», Ж.Изентаев «Натюрморт с молотилкой».

Оқыўшылардың натюрморт жанрында дөреткен сүўрет шығармаларынан үлгилер.

***САБАҚТЫҢ БАРЫСЫ :***

Кирисиў – 3 минут

Өтилген теманы қайталаў – 3 минут

Таза теманы баян етиў – 30 минут

Таза теманы беккемлеў – 7 минут

Үйге тапсырма бериў – 2 минут

**ТАЗА ТЕМАНЫ БАЯН ЕТИЎ :** Минекей оқыўшылар бүгин биз сизлер менен сүўретлеў өнериниң натюрморт жанры ҳаққында гүрриңлесиў өткеремиз. Егерде мағлыўматларға тийкарланатуғын болсақ «Сүўретлеў өнери» көркем өнердиң бир тараўы есапланады. Көркем өнерге сүўретлеў өнеринен басқа «Музыка, театр, кино» ҳәм т.б. өнерлер киреди. Енди «сүўретлеў өнери» болса өз гезегинде «Натюрморт» жанрларынан басқа «Пейзаж», «Портрет», «Тарийхый жанр», «Турмыслық жанр», «Анимал жанр», «Батал жанр» лар түрлеринде сүўретленеди. Усыннан кейин хәр бир жанрының өзине тән өзгешеликлерин, не ушын салыў аталыўының қысқаша мазмунына тоқтап өтемиз. Ең ақырында тийкарғы мәселе, таза темамыздың тийкары болған «Натюрморт» жанрына тоқтаймыз.

«Натюрморт» - дегенимиз французша сөз болып, «жансыз тәбият» деген мәнисти аңлатады. әпиўайы сөз бенен айтқанымызда натюрморт 2-3 предметтиң жыйындысы. Натюрмортда бизин турмысымызда, айнала дөгерегимизде ушырасатуғын хәр қыйлы предметлер : гүллер, мийўелер, палыз өнимлери, үй буйымлары, хәр қыйлы ыдыс табақлар, саз әсбаплары ҳәм т.б. қәлеген нәрселер сүўретленеди. Сол предметлерди пайдаланыў арқалы уллы сүўретшилеримиз шырайлы композициялар дүзип тематикалық натюрмортлар дөретеди. Мысалы: гейпара сүўретшилеримиз палыз өнимлеринен дүзилген натюморт сызса, гейпалары үй ыдысларынан дүзилген натюрморт сызады. Үшинши биреўлери уста инструментлеринен пайдаланады, төртиншилери музыкалық саз әсбаплары таңлайды. Егерде сизлер үлкетаныў музейине

барып экскурсия қылсанызлар, өзимиздиң Қарақалпақстан сүўретшилериниң көплеп натюрморт жанрында исленген шығармаларын ушыратасыз. Бул сүўретшилеримиздиң шығармаларында үй турмысымыз-да қолланып келген ҳәр қыйлы ыдыслар, жеримизден өнетуғын мийўе ҳәм өнимлер сүўретленген. Мысалы : Ж.Изентаевтың мына шығармасында кели ҳәм келсап, ағаш қасық сүўретленген. Сүўретши шығармада ертерек дәўирдеги қарақалпақ халқының турмсының тийкарғы мийнет қураллары сүўретленген. Келиде салы, тары түйилген, ҳәзиргидей қаразлар бурынғы ўақытлары болмаған, сонлықтан адамлар кели ҳәм келсапты ойлап тапқан. Ол әсбапларды қалай баҳаласак та арзыйды. Себеби олар пайдаланыўға қолайлы ҳәм ықшам. Буларды халық усталары жўдә абайлап, ең қатты ағашлардан исленген ҳәм узақ ўақыт сарып қылған. Картинаның жаратылыўында, биз сүўретши тәрепинен жүдә тапқырлық пенен дөреген композицияның гуўасы боламыз. Сүўреттиң фонында қурақ гезлемеден дийўал ретинде пайдаланған. Келиниң қасында ағаш қасық тур. Бул үй предмети бир-бири менен биригип кеткен, себеби биринен соң бири өз жумысын ислейди. Мысалы келсап пенен келидеги гунжи туйилип ийжан болса, оны ағаш қасық пенен келиден алынады. Улыўма натюрмортта рең мәселелери де жүдә бир бизиң жасаў шәраятымызға сай сәўлеленген. Буйымлардың материаллығы, ағаш-ағаштай, гезлеме-гезлемедей болып қалыб етилмекте.

Улыўма усы тәризде басқа да репродукциялар көрсетилип олар талқыланады. Сонынан оқыўшылар менен таза теманы беккемлеў ушын сораў жуўаплар болады. Сабақ ақырында үй тапсырмасы ушын «Натюрморт» жанрында репродукциялар жыйнап келиў тапсырылады (Илажы болғанынша Қарақалпақсатан сүўретшилериниң дөретпелери тийкарында).

## ***II.3. Қарақалпақстан көркем өнерин методикалық үйрениў***

Келешекте сүўретлеў өнери пәни оқытыўшыларын таярлап шығарыўдың жаңа ўазыйпаларын ҳәм мәселелерин анықлаў жәмийетимиздиң бүгинги күн талапларының мазмунынан келип шығады.

Сүўретши –педагогларды Қарақалпақстан жағдайында таярлап шығарыўдың баслы ўазыйпасы, бул сүўретлеў өнери қәнигелиги талабаларының психологиялық, педагогикалық ҳәм методикалық таярлығын өсириў, мектеплерде оқыўшылардың көркем-эстетикалық билимлерин тәрбиялаўдағы әҳмийетлилиги болып табылады. Демек, сүўретлеў өнери пәни оқытыўшыларының сиясий-идеялық, психологиялық, педагогикалық, методикалық таярлықлары мектеп оқыўшыларының алып атырған тәлим ҳәм тәрбиялары менен жүдә тығыз байланыслы. Себеби, ҳәр бир инсан ушын өз Ана –Ўатанының тарийхын, салт дәстүрлери, халқына тән болған өзгешеликлерин билиў ҳәм карыз ҳәм парыз. Соның ишинде халық өнери (сүўретлеў өнери) ҳаққындағы түсиниклерди келешек әўладларға жеткерип бериўде педагог- сүўретшилерге үлкен миннетли ўазыйпа жүкленген.

Болажак сүўретлеў өңери оқытыўшыларының улыўма педагогикалық ҳәм методикалық таярлықларының табыслары олардың халық, яғный Қарақалпақстан сүўретлеў өнери ҳаққындағы билим тәжирийбелери менен, ҳәр қыйлы миллий дәстүрлер тийкарында халық сүўретшилери ҳәм усталары, олардың мийнетлери, шығармалары тийкарында тәрбиялық гүрриң сабақларын шөлкемлестириў ҳәм өткериў уқыплылықлары менен анықланады. Усыларды есапқа алып жәмийетимиздиң ҳәзирги заман талапларына муўапық сүўретлеў өнери оқытыўшылардың көркем-профессиналлық таярлығы төмендеги мәселелери өз ишине алады :

- сүўретлеў өнери қәнигелиги талабаларында қоршап турған орталығымызға ҳәм жәмийетимизге Қарақалпақстан сүўретлеў өнериниң тийкарлары арқалы сиясий идеялық, эстетикалық қатнасықларды қәлиплестириў ;

- сүўретлеў өнери қәнигелигиниң тийкарғы пәнлерин оқытыў пайытында (сүўрет, реңли сүўрет, сүўретлеў өнери тарийхы, нағыс салыў, мүсиншилик ҳәм т.б.) миллий халық сүўретлеў өнерин үйрениў ;

- Қарақалпақстан ҳәм Қарақалпақстан сүўретшилериниң дөретиўшилигинен пайдаланыў арқалы педагогикалық, психологиялық пәнлерди үйрениўде келешек сүўретлеў өнери ҳәм оқытыўшыларын улыўма педагогикалық жақтан таярлаў.

Усы жоқарыда айтып өтилген мәселелерди нәтийжели турде әмелге асырыў ушын :

- биринши курстан баслап халық әмелий өнерин, миллий дәстүрлерди үйрениў тийкарларын ҳәм миллий мәденияттын мазмунын үйрениўди қайта ислеп раўажландырыў ;

- жәмийетлик пәнлердиң оқытылыўы курсына жаңа Қарақалпақстан сүўретлеў өнери менен байланыслы болған материалларды киргизиў;

- педагогикалық ҳәм психологиялық сабақлардың оқытылыўы курсына қарақалпақ халқының этикалық, эстетикалық ойлары ҳәм сезимлери менен байланыслы болған материалларды киргизиў;

- педагогикалық моментти методикалық қәлиплестириў ушын халық (қарақалпақ ) сүўретлеў өнери материаллароынан сүўретлеў өнери сабағы пайытында қолланылыўы зәрүрлиги айырықша орын тутады. Соның менен бир ўақытта педагогикалық моментти моделлестириў, сүўретлеў өнери оқытыўшыларының әмелий сабақ өтиўи ўақтында методикалық искерлигин ашып көрсетеди.

Оқытыўшының методикалық искерлиги процесси: оның таза материалды түсиндириўине, оқыўшылардың алдына қойылған натураны

талқылап бериўине, сүўреттиң басқышта-басқыш сызыўын көрсетип бериўине, оқыўшылардың өз бетинше ислеген дөретиўшилик жумысларының қәте кемшиликлерин анып көрсетиўине, қағаз форматларында (сүўрет дәптерлеринде) жиберилген ең характерли қәтелерди дүзетиў жолларын көрсете билиўине, доскадан пайдаланыў жолларын өзлестириўине, гүрриң өткериў пайытында Қарақалпақстан сүўретлеў өнери шеберлериниң (сүўретшилериниң) шығармаларын дурыс ҳәм анық талқылап бериўине декоратив қол өнери дөретпелеринен нәтийжели пайдаланыўына тиккелей байланыслы.

Әлбетте сүўретлеў өнери сабақлары оқыўшыларға тек ғана тәрбиялылық әҳмийетлиликти жетилистирип қоймастан, соның менен бирге олардың көркемлилик билиминиң раўажланыўына да әдеўир тәсирин тийгизеди.

Сонлықтан да педагогикалық институтларда талабаларды мектеплерде оқыўшылардың көркемлилик билимлерин ҳәм эстетикалық тәрбияларын өсириўге қурбы жететуғын дәрежеде де таярланыўы лазым. Әсиресе усы тийкарды қәнигелик бойынша сабақларды мазмунына Қарақалпақстан сүўретлеў өнериниң раўажланыўы, өсиўи ҳәм әҳмийетлилиги ҳаққында мағлыўматлардың киргизилиўи айрықша орын тутады. Көпшилик жағдайларда халық миллий сүўретлеў өнери дөретпелеринен пайдаланыў–демонстрациялаў методында алып барылады. Мәселен, декоратив қол өнери қолланбаларын лекциялық сабақтан сон әмелий сабақ пайытында үйренеди.

Себеби, лекциялық сабақта оқыўшы тек ғана үстиртин мағлыўмат алатуғын болса, әмелий сабақта сол предметти өзине тән өзгешеликлери, нағыслары, формалары ҳәм т.б. қәсийетлери ҳаққындағы билимлерди толық үйренеди ҳәм өзлестиреди.

Соның менен қатар мектеплерге сүўретлеў өнери оқытыўшысын таярлап шығарыў комплексли өзгешеликке (характерге) ийе. Ол өзинде

илимий-методикалық билимлерди, көркем билимлерди, студентлерди эстетикалық, этикалық тәрептен тәрбиялаўды жәмлестиреди.

Сүўретлеў өнери оқытыўшыларын көркем профессионаллық ҳәм комплексли системада таярлап шығарыўда заттың өзине қарап сүўретин салыў оған әҳмийетли роль атқарады. Заттың өзине қарап сүўретин салыў көркем өнер тараўында идеялық-эстетикалық, дүньятаныў көз қарасларын қәлиплестиреди.

Талабалардың сүўрелеў искерлиги процессинде көркем билимин ҳәм гөззаллық тәрбиясының өз-ара байланысы сүўретлеў өнериниң специкасы менен анықланады. Себеби, илимий ҳәм эстетикалық билим ҳәмме ўақытта бирге әмелге асырылады.

Сонлықтан да заттың өзине қарап сүўретин салыў сабакларында талабалардың алдында турған ең тийкарғы мәселелердин бири бул олардың әтирапқа қатнасын раўажландырыў. Бул ушын әмелий сабақларды алып барыўда бир қатар методикалық усылларға сүйениў зәрүр :

- натураны таңлаўда эмоционаллық-эстетикалық қабыл етиўди есапқа алыў, Қарақалпақстан сүўретшилериниң шығармаларын демонстрациялаў, талабалардың ең жақсы жумысларын пайдаланыў, әдебий шығармалар менен байланыстырыў.

Мине усылардың ҳәммеси талабаларға билим бериў процессинде комплексли турде алып барылыўы шәрт.

Әсиресе педагогикалық жоқары оқыў орынларында талабалардың арнаўлы таярлығының, ийеллейтуғын қәнийгелигиниң зәрүрлик бағдары сол оқыў орнының билим системасының мазмунына тийкарланған.

Талабалардың қәнийгелиги бойынша илимий таярлығы улыўма педагогикалық, психологиялық ҳәм методикалық бөлимлерден туратуғын профессионаллық таярлық пенен байланыслы болыўы керек.

Психологиялық ҳәм улыўма педагогикалық таярлықлары келешкте мектеплерде педагогикалық хызметлерде улыўма теориялық тийкар болып қалады.

Келешек оқытыўшылардың методикалық таярлығы болса оқыў-тәрбия жумысларын шөлкемлестириў мәселелерин, конкрет бир пән бойынша өзлестиретуғын профессионаллық шеберликлерин, ийеллейтуғын уқыплылықларын өз ишине алады.

Демек сүўретлеў өнери пәни оқытыўшыларын таярлап шығарыўда көркем профессионаллық ҳәм педагогикалық мәселелер оларды: сүўретлеў өнериниң алдына қойылған мақсети ҳәм ўазыйпалары менен заманагөй дәўирге сай сабақ өтиў усыллары, билим бериў системалары менен, педагогикалық ҳәм методикалық шөлкемлестириўшилик қәбилетлери (уқыплылықлары) менен қураллландырыўды биринши дәрежеле ўазыйпа етип қояды.

## II. 4. Қарақалақстан сүўретшилери ҳаққында қысқаша мағлыўмат

Қарақалпақстан - Өзбекстан Республикасының арқа жағында, ойпатлықта жайласқан болып, арқа тәрептен Арал теңизи ҳәм Үстирт тегислиги менен шегараланады. Әййем заманлардан бизге шекем жетип келген тарийхый естеликлер, кейинги әўладларға мақтаныш болыўға арзыйтуғын, тарийхта болып өткен ўақыялар ҳәм аты әсирлер даўамында өшпес из қалдырған белгили инсанлар өмир сүрген бул жер өзиниң усындай мәдений, тарийхый, руўхый байлықлары менен дүньяға танылып атыр. Бул жерде жасаўшы халық өнерментшилик ҳәм халық қол-өнериниң бийбаҳа үлгилерин жаратып, кейинги әўладларға бай мийраслар қалдырып кеткен ҳәм усы байлықларға тийкарлана отырып кейинги урпақлар еле де гөззал, еледе әжайып дөретпелер жаратыў күшине ийе. Үлкемизде сүўретлеў өнери тек ғана усы қарақалпакларға тән болған бай халық қол өнерин билиў ҳәм түсиниги тийкарында өсип-өнген ҳәм усы өнердиң бийтәкирар өзгешеликлерин көрсетип берген.

Сүўретшилик кәсиби XX әсирдиң 60-жылларынан баслап жәмийетшилигимизде пайда бола баслады: бул ўақытлары үлкемизге Өзбекстан ҳәм Россиядан көп қәниге сүўретшилер көплеп келе баслаған еди. Олар бул жердиң өзгеше көринислери, қуяшлы тәбияты, халқы, мәденияты ҳәм қол өнерине жүдә қызықты ҳәм өзлериниң картиналарында алған тәсирлерин көрсетиўге тырысты.

Жергиликли талантлы жаслар болса өз туўған жериниң келбетин өзлериниң түсиниўи, көриўи арқалы сүўретлей алды. 1966-жылы Нөкис қаласында Мәмлекетлик көркем өнер музейи ашылды ҳәм белгили Москвалы сүўретши Игорь Савицкий усы музейдиң биринши директоры болып белгиленди. ()

Бул жағдай Қарақалпақ сүўретлеў өнериниң раўажланыўы ҳәм жаслар арасында дөретиўшиликтиң өсиўинде үлкен роль ойнады. Игорь

Витальевич талантлы жасларды қоллап-қуўатлады ҳәм музейдиң бай картиналар коллекциясы олар ушын таяныш мектеби болып хызмет етти .

Жергиликли жаслар арасынан өсип шыққан ҳәм профессионал дәрежеде жетилискен сүўретшилерден бири Қыдырбай Саиповтың басламасы менен 1972 жылы Қарақалпақстан Сүўретшилер Аўқамын дүзиў бойынша шөлкемлестириў комитети дүзилди, оның дизиминде Қ.Саипов, И.Савицкий ҳәм Ф.Мадгазинлер бар еди. Олар сол ўақыттағы шәрт-шараятлар, жағдайлар, талапларды үйренди, талантлы адамлар менен ушырасып, олар менен гүрриңлер алып барды, өз-ара мәсләҳәтлескен ҳалда оларды қоллап-қуўатлап, келешектеги жумыслардың жойбарларын дүзип отырды.

1974-жылы Қарақалпақстан Сүўретшилер Аўқамы дүзилди. Сол ўақытта Сүўретшилер Аўқамының дизимине 9 сүўретши ағзалыққа өтти. Әйне сол дәўирде республикамызга басқа жақлардан көплеген сүўретшилер келе баслады. Келешекте ислеў ушын үлкен әрманлары ҳәм ойлаған мақсетлерин әмелге асырыўға үлгермей Қыдырбай Саипов мезгилсиз дүньядан көз жумды ҳәм сол дәўирдеги алға өрлеп турған дөретиўшилик ҳәм раўажланыўда үлкен жоғалтыў жүзеге келди. Деген менен, бийик мақсетлерге қарай умтылыўдың ирге тасы қойып үлгерген еди. Аўқамның биринши баслығы етип көркем өнер изертлеў илимлери кандидаты Ағынбай Алламуратов сайланды. Жумыслар барысында тарийхый ҳәм белгили сәнелерге бағышланған ҳәмде Башқурыстан, Татарстан, Дағыстан республикаларында өткерилген мәдeнияt күнлерине арналған, сондай-ақ Нөкис, Ташкент, Москва, Алма-ата, сондай-ақ узақ ҳәм жақын шет еллердеги қалаларда үлкен көргизбелер шөлкемлестирилди. Ҳәзирги күнлери К.Саипов, И.Савицкий, А.Еримбетов, Ж.Қуттымуратов, Ж.Изентаев, И.Алибеков, А.Утегенов ҳәм басқа да сүўретшилердиң атлары дүнья жүзине белгили болып атыр.

1997-жылы Өзбекстан Республикасы Президенти Ислам Абдуғаниевич Каримовтың пәрманы бойынша Өзбекстан Көркем өнер Академиясы шөлкемлестирилди ҳәм бизиң дөретиўшилик аўқамымыз Өзбекстан Көркем өнер Академиясының Қарақалпақстан бөлимине айланды. Оның қурамына көплеген сүўретшилер ағзалыққа қабыл етилди. Живописец-сүўретши Ж.Изентаев ҳәм скульптор Ж.Қуттымуратов Өзбекстан Көркем өнер Академиясының дәслепки академиклери болып табылады. Жемисли мийнетлери ҳәм республикамыздың сүўретлеў өнериниң раўажланыўына белсенди үлес қосып атырғанлығы ушын көпшилик сүўретшилерге ҳүрметли атақлар, орден ҳәм медаллар берилди, басқа мәмлекетлерге дөретиўшилик сапарларына жиберилди, 2010 жылы скульптор Ж.Қуттымуратов «Жыл сүўретшиси» деп жәрияланды. Буның барлығы бизиң тарийхымыз ҳәм әлбетте бизиң дөретиўшилигимиздиң үлкен жетискенликлери.

Бул китапта Қарақалпақ сүўретшилериниң бир қатарының жумыслары ҳаққында айтылған. Бул материалларды топлаў ҳәм үйрениўде жақыннан жәрдем көрсеткенлиги ушын И.В.Савицкий атындағы ҚМКМ не ҳәм сүўретши С.Байбосыновқа, көркем-өнер изертлеўшиси Г.Турдымуратоваларға айрықша миннетдаршылық билдиремиз.

## САВИЦКИЙ ИГОРЬ ВИТАЛЬЕВИЧ



**Живопись, графика**

1915-ж. – Киевте туўылған (Украина).

1946-ж. – В.Суриков атындағыМСИ ди питкерген.

1946-1950-жж. – Москвадағы сүўретлеў өнери көргизбелери қатнасыўшысы.

1950-1957-жж. – СССР Илимлер Академиясының Хорезм археологиялық-этнографиялық экспедицисының сүўретшиси.

1957-1966-жж. – Қарақалпақстан тарийхый-үлкетаныў музейи директоры, Орта Азия халық қол-өнери үлгилерин жыйнаў, Қарақалпақстанда археологиялық қазылмалар бойынша экспедициялар шөлкемлестириўшиси.

1964-ж. – Өзбекстанға мийнети сиңген көркем өнер ғайраткери.

1965-ж. – «Қарақалпақ халық қол өнери. Ағашқа нағыс ойыў» атлы усы тараўда ең биринши илимий-изертлеў бойынша китап басып шығарды.

1966-ж. – Қарақалпақстан Мәмлекетлик көркем өнер музейиниң шөлкемлестириўшиси  ҳәм биринши директоры, XX әсирдиң 1920-1930-жылларындағы авангард сүўретлеў өнери ҳәм Орта Азия халықларының халық қол-өнери үлгилери коллекциясын топлады, үлкемизде археологиялық қазыўлар алып барды.

1971-ж. – Бердақ  атындағы Мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты.

1974-ж. – Қарақалпақстан Республикасы Халық сүўретшиси.

1974-ж. – «ККАССР Мәмлекетлик көркем өнер музейи» китабы дүзиўшиси ҳәм авторы.

1984-ж. – Москвада қайтыс болды.

2002-ж. – Қайтыс болғаннан соң «Буюк хизматлари учун» ордени менен сыйлықланды.

Москвалы сүўретши Игорь Савицкий бизиң үлкемизге 1950 жылы келген еди. Ол бул жерде өзи ушын әжайып дүньяны ашты-өзгеше тәбият, халықтың бай тарийхы ҳәм мәденияты, оның өзгешеликлери ҳәм ҳәдийселери, адамлары, олардың турмысы, жергиликли халықтың айрықша қол-өнери оның пүтин итибарын өзине тартты. Ол Хорезм археологиялық-этнографиялық экспедициясының дизиминде сүўретши еди ҳәм өзиниң ҳәр бир бос ўақтын живописке бағышлады. Сол ўақытлары ол өзиниң картиналары менен Нөкистеги ҳәм Ташкенттеги көргизбелерге қатнасып жүретуғын еди. Оның дөретиўшилигинде пейзаж тийкарғы орынды ийелейди. Пейзаж жанрындағы сүўретши сыпатында ол өзи ушын Қарақалпақстан тәбиятының гөззаллығы ҳәм өзгешеликлерин көрсете алатуғын живопислық усыллардың көплигин таба алды. Ол тәбият қойнында көплеп этюдлар жаратты, оларды

көпшилиги толық жуўмақланған картиналардан қалыспайды. Ол көплеп Әййемги Хорезм естеликлери ҳәм оларды қоршаған тәбият көринислерин сүўретледи ҳәм бул оның дөретиўшилигиниң ең баслы темасына айланды. Ол дөреткен пейзажлар әдетте енине кеңейген көриниске ийе болып, ҳәр бир картиналары монументал ҳәм лирикалық бағдарда қабыл етиледи. *Жарықлық* - сая мәселелери, картинаның живопислық фактурасы ҳәм әтираптың өзгеше сүўретлениўи Орта Азия тәбиятының бийтәкирар сулыў көринислери тек ғана сыртқы экзотикалық көриниcте көрсетилмеген. 1950-жыллары жаратылған Хийўа пейзажлары топламы реңлер гаммасының нәзиклиги ҳәм декоративлиги менен ажыралып турады. Жумыстың колориты ҳәм техникасы мазмунға байланыслы өзгерип турады. Жеңил акварельлик мазок затлардың характерлерин таңғы ҳәм кешки ўақытлардағы жақтылықтағы жағдайын көрсетип береди. Бундай гезлери олар ҳаўаға араласып кеткенге мегзейди. Ал қуяшлы күнде болса олар толық, рельефли ҳәм олардың материаллығы сезилип турады. Сүўретшини тәбияттың ҳәр қыйлы жағдайлары қызықтырды. Бир қарағанда елеспесиз көринген мотивлерде оның ҳәўесин келтиретуғын еди, импрессионистлер сыяқлы ол тынымсыз өзгерислерди дәл ҳәм анық көрсете билди. Буларға «Хийўа. Биринши нурлар», «Хийўа. Қарағашлар», «Қават қала. Минор», «Қызыл қала», «Аяз қала», «Қалалы ғыр. Сәскеде», «Дийханабадта гүздиң күни», «Қазақдәрья. Гүңгирт күни қара үй», «Кәрўан сарай дәрўазасы», «Палўан пир ата мазарының шарбағы», «Адамлы қала күндиз», «Қой қырылған қаладағы кеш», «Мыс қайнаған сәскеде», «Геўгим», «Қаршыдағы күн батысы», «Хийўа. Мазарлар», «Қорған», «Нөкис көшеси» ҳәм т.б. киреди. Оның дөретпелеринде шебер устаның қылқәлем менен жаратылған уллы ҳәм гөззал Орта Азия тәбиятының образын көриўге болады. Оның

жумысларын онынъ ой-пикирлери ҳәм сезимлери жәмленген дөретиўшилик мийўасы деп түсинемиз.

- ✓ Савицкий И. Бағда. к.м.б. (И.В. Савицкий атындағы ҚМКМ)
- ✓ Савицкий И. Бәҳәрги күн. к.м.б. (И.В. Савицкий атындағы ҚМКМ)
- ✓ Савицкий И. Министрлер Кеңеси имараты алдындағы сквер. к.м.б.
  (И.В. Савицкий атындағы ҚМКМ)
- ✓ Савицкий И. Қызыл ғыр. Таң. к.м.б. (И.В. Савицкий атындағы ҚМКМ)
- ✓ Саипов К. Автопортрет. к.м.б. (И.В. Савицкий атындағы ҚМКМ)



Савицкий И. В саду. х.м. (ГМИ РК им. И.В.Савицкого)



Савицкий И. Кызыл=гыр. Утро. х.м. (ГМИ РК им. И.В.Савицкого)

## САИПОВ ҚЫДЫРБАЙ



Саипов К. Автопортрет. х.м. (ГМИ РК им. И.В.Савицкого)

**Живопись, графика, китап графикасы, театр декорациясы**

1939-ж. – Шымбайды туўылған.

1963-ж. – Ташкенттеги П.Беньков атындағы сүўретлеў өнери училищесин тамамлаған.

1963-ж. – Ташкент Мәмлекетлик көркем өнер училищесин тамамлады.

1963-ж. – Станиславский атындағы Нөкис Мәмлекетлик музыкалы драма ҳәм комедия театрында бас художник болып жумыс исследи.

1959-ж. – Нөкис, Ташкент көргизбелерине қатнасты.

1972-ж. – (ҚР СА) Қарақалпақстан Республикасы сүўретшилер Аўқамын дүзиў бойынша шөлкемлестириў комитетин басқарды.

1969-ж. – Бердақ атындағы Республикалық сыйлықтың лауреаты.

1966-ж. – Қарақалпақстан Республикасына хызмет көрсеткен мәдeният ғайраткери.

1969-ж. – Өзбекстанға хызмет көрсеткен мәдeният ғайраткери.

1959-ж. – Өзбекстан Сүўретшилер Аўқамының ағзасы.

1972-ж. – Хожелиде қайтыс болды.

Қыдырбай Саипов өзиниң минезине қарай басқарыўшы гүресшең, талапшаң, ағла инсан еди - ол бәрқулла дөретиўге, шөлкемлестириўге, сүўретшилердиң басып қосып жумыс алып барыўа тырысты, бәрҳәма ислеўди, үйрениўди, өзиниң билимин ҳәм тәжирийбесин арттырыўға умтылып жасады. Ол искер ҳәм билимли болыў менен бирге жүдә талантлы сүўретши еди. Оның искерлиги нәтийжесинде ҚР Сүўретшилер Аўқамын дүзиў бойынша Шөлкемлестириў комитети жүзеге келди. Ол өзиниң қысқа дөретиўшлик ҳәм өмир жолы дәўиринде ол көп ой-пикирлерин ҳәм жумысларын иске асырған. Ол жаңадан-жаңа пикирлерге ийе еди, олардың олардың барлығын әмелге асырып үлгермеди. Ол дөреткен картиналар елеге шекем өзлериниң өзгеше колориты, лирикалық ҳәм көтериңки сезимлерге елтиўши күшке ийе көринислери менен көрерменлерди қуўантады ҳәм таң қалдырады. Оның қылқәлеминен жаратылған образлар тереӊ мәниге ийе ҳәм көтериңки руўхландырыў, жағымлы сезимлерди, жақсы пикирлерди пайда етеди.

Станиславский атындағы музыкалы театрда жумыс ислеген жыллары ол көплеген театр постановкаларын береди. Оның халықтың тарийхын, келип шығыўын, мәдениятың жақсы билиўи өзиниң жетискенликлерине тийкар бола алды. Оның картиналарындағы тәбият көринислери тыныш, жеңил, жағымлы, жумсақ колоритте исленгнен. «Әмиўдәрьядағы кеш», «Кешки пайыт», «Жол, Кешки пайыт», «Тахтакөпир этюди», «Тандырлы пейзаж», «Автопортрет», «Ҳәўли.

Этюд», «Зәўре портрети», «Вазадағы мийўелер»- бул мийнетлердиң бәринде тәбийий реңлер гармониясы сезиледи.

«Зәўрениң портрети» - художниктиң ең ири ҳәм белгили дөретпелериниң бири. Бул жерде оның пейзаж картиналарынан ажыралып туратуғын жағдайда композиция жарқын, тойғын реңлердиң бир-бирине контраст (қарама-қарсы) қатнасларында дүзилген. Картинада жас шырайлы ҳаял тамашагөйге ярым бурылып отырған ҳалда сүўретленген. (художниктиң ҳаялы атақлы театр актрисасы Зәўре Саипова). Реңлердиң үлкен-үлкен көлемлердеги қатнаслары, формалардың тегислиги, сүўреттеги ҳаялдың отырған жағдайы ҳәм көз-қарасы- булардың бәри сүўреттеги ҳаялдың еркин, жигерли, йошлы, дөретиўши характерин ашыўда ҳәм оның ишки дүньясының жағдайын, сезимлерин талқынланыўын көрсетиўши көринисти өзине жәмлеген образ.

- ✓ Саипов Қ. Зәўрениң портрети. к.м.б. (И.В. Савицкий атындағы ҚМКМ)
- ✓ Саипов Қ. Жол. Кешки пайыт. к.м.б. (И.В.Савицкий атындағы ҚМКМ)
- ✓ Саипов Қ. Натюрморт. Вазадағы мийўелер к.м.б. (И.В.Савицкий атындағы ҚМКМ)
- ✓ Саипов Қ. Әмиўдәрьяда кеш к.м.б. (И.В.Савицкий атындағы ҚМКМ)



Саипов К. Портрет Зауре. х.м.  (ГМИ РК им. И.В.Савицкого)



Саипов К. Натюрморт. Фрукты в вазе. х.м. (ГМИ РК им. И.В.Савицкого)



Саипов К. Дорога. Вечер. х.м. (ГМИ РК им. И.В.Савицкого)

## ҚУТТЫМУРАТОВ ЖОЛДАСБЕК ЖАНТАЕВИЧ



**Куттымуратов Жолдасбек Жантаевич**

**Скульптура (Мүсиншилик)**

1934-ж.– ҚР Кегейли районында туўылған.

1961-ж. – Беньков атындағы көркем-өнер училищесин тамамлаған.

1966-ж.– ТТХИ ды тамамлаған.

1970-ж. – Бердақ атындағы Республикалық сыйлықты лауреаты.

1982-ж. – Өзбекстанға хызмет көрсеткен көркем өнер ғайраткери.

1965-ж. – Қалалық, республикалық, шет еллердеги көргизбелердиң белсенди қатнасыўшысы.

1970-ж. – ӨзСА ағзасы.

1985-ж. – Монголияға дөретиўшилик сапарында болған.

1997-ж. – Өз БА Академиги.

2000-ж. – Өз БА Алтын медалы менен сыйлықланған.

2010-ж. – Жыл художниги деп тән алынған.

Бул шебер сүўретшиниң тийкарғы темасы - ҳаял образы. Гөззаллықтың улыўма образы – ҳаял көринисинде сәўлеленеди. Ҳаял тәбияттың ең сулыў жемиси «Ҳаял өзиниң сыртқы гөззал көриниси менен бирге ийбелиги, нәзиклиги менен ажыралып турады. Оның бул қәсийети өзине тартады, және ҳаялдды қопал күшлерден қорғап турады. Әййемги дәўирлерден берли ҳаял-қызлар қымбат баҳалы тағыншақлар менен безенген ҳәм бул тағыншақлар оның гөззаллығын байытыўшы ҳәм қорғаўшы күшке ийе екенлигине исенген. Ҳаяллар өзиниң ийбелиги, назлылығы менен күшли. Ҳаял образы – бул тек ғана ҳаялдың тәбийғый көриниси емес –ой-пикирлер, сезимлер, тәбийғый ҳәм рухый күшлердиң тымсаллары булардың бәри ҳаял образында жәмленеди,- деп ой-пикирлер билдиреди Жолдасбай аға. Бул пикирлерге мысал ретинде «Әмиўдәрья», «Нәзилик», «Әрман», «Түн», «Арал сыбырлысы», «Нәўше», яки улыўма жәмленген образлар – «Қарақалпақ келини»,

«Алма услаған қыз», «Гөззал», «Тумарис», «Миллий бас кийим кийген келин», «Қызыл таслы ҳаял» ҳәм және көплеген дөретпелерди атап өтсек болады.

Гейде сондай жағдайлар болады, сайлап алынған материалдың өзи теманы көрсетеди. Материалды үйрене отырып оның көринисине қарай теманы, оның мазмунын ойлап табаман, және кеўлиндеги әрманларын, ҳәсиретлерим, елеслеримди көз алдыма келтиремен. Гейди материал конкрет образды «Өзи шығарып» береди. Бул жағдай менен жумысларын барысында жийи ушырасып турады. Бир күнлери мен үлкен мрамор тас алып келдим ҳәм узақ ўақыт оған үңилип отырдым. Бир ўақытта күткенимди көрдим. Мрамор жүзесинде жас ҳаялдың бет-әлпети көринди – ол өзиниң жүзине нәрестени мийримли қушақлап басып тур ҳәм жүдә эсте, бирақ жүдә қәўетерлеп сыбырлап турғанын сездим. Мен бул сыбырды «еситтим». Ал, нәрестеге анығырақ қарағанымда оның балық екенин байқадым. Сонда мен бул теңиз образы екенлигин түсиндим. Бизиң Аралымыздың образы! Мен жумысқа тез кирисип кеттим ҳәм екин күнде толық тамамладым, себеби жумыс өзимди өзине қатты тартқан еди. Ал, жумысым толық питкен деп ойлағанымда және ҳайран боларлық ҳәдийсе болды - тастағы жиңишке жарық ҳаялдың бетине тап көзине тамған жастың изине уқсап өтип турғанын көрдим. Бул жумысты мен «Арал сыбырлысы» деп атадым, - деп Жолдасбек аға өзиниң ойларын билдирди.

«Арал сыбырлысы» ҳәзирги күнде И.В.Савицкий атындағы көркем өнер музейи көргизберин безеп тур ҳәм көрерменлердиң дыққатын өзиниң тереӊ мазмуны менен тартып турады. Бәлким усы көринис арқалы Ана тәбият өзиниң үлкен қайғысы туўралы айтқысы келген болыўы керек, бәлким тәбияттың өзи усы тасты сезимталлы шебердиң қолына тутқан шығар. Әйне усы инсан Ана тәбиятымыздың ҳәсиретин билген ҳәм еситкен ҳәм Ана ол - жас перзенти тәбият, жер сыбырын,

космос сеслерин келешек әўладқа жеткериўи керек болған шығар. Биз бул шебер мүсинши устаның жер менен тығыз байланыста екенин айта аламыз ба? Бизиң жеримиз сырларға толы ҳәм гейде ол бул қупыяның перделерин уқыплы инсанлар алдында аша алады.

Ҳәр бир дөретпе- бул оның сезимлери, пикирлери, елеслери. Ол ҳәр бир дөреткен жумыслары туўралы айтып бере алады. Олар мәзи исленбеген, оларды узақ даўам еткен изленислер, пикирлеў ҳәм әлбетте илҳам, йош арқалы жүзеге келген. Илҳамның пайда болыўы ол ушын ҳәр қыйлы жағдайда болып өтеди. Илҳам көбинше теамалар итибарын қаратады, мәселен «Түн» - бул жумысты түн күшлерин жас қыз образында көрсетти. Бул қара түстеги мрамордан жасалған болып, бунда сырлылық, шексиз нәзиклик ҳәмде күшлер жәмленген. Ол ҳеш кимнен ғәрезсиз, еркин ҳәм ол бизге әййемги дәўирлердеги еркин қәўимлер қызларын еслетеди.

Ж.Қуттымуратов тән алынған уста, ҳақыйқый сүўретши, сезими күшли гөззаллық дөретиўшиси. Оның шеберлиги ҳүкиметтиң жоқары сыйлықларына ылайық табылды ҳәм дөретиўшиликти сүйип, баҳалайтуғынлардың барлығының ҳәўесин келтиреди. Өзбекстан Республикасы сүўретлеў өнери академиясы академиги болған ал 2010-жылдың ең жақсы художниги деп табылған ҳәм бизиң халқымыздың мақтанышы болып есапланады. Куттымуратов Ж. Әмиўдәрья. Ағаш (И.В. Савицкий атындағы ҚМКМ) Куттымуратов Ж. Нәзик. Ағаш. Куттымуратов Ж. Нәўше. Ағаш (И.В. Савицкий атындағы ҚМКМ).



Куттымуратов Ж. Амударья. дерево. (ГМИ РК им. И.В.Савицкого)

## АТАБАЕВ АМАН АВЕЗГЕЛДИЕВИЧ



**Атабаев Аман Авезгелдиевич**

**<u>Мүсиншилик, ағашқа нағыс ойыў</u>**

1924-ж. – Ташкенте туўылған.

1959-ж. – Беньков атындағы Республикалық көркем өнер училищесин тамамлаған.

1960-ж.- жылдан баслап Қоңырат қаласындағы мектепте сүўретлеў өнери оқытыўшысы болып жумыс ислеген.

1977-ж. – Қарақалпақстан Республикасына хызмет көрсеткен көркен-өнер ғайраткери.

1965-ж. - жылдан бери Нөкис, Алма-ата, Уфа, Бирзкек, Махачкала, Ташкент, Москвада көргизбелерге қатнасқан.

1970-ж. - Өзбекстан Сүўретшилер Аўқамы ағзасы.

1985-ж. – Ташкентте қайтыс болған.

Ағашқа нағыс ойыў тарийхый тийкарларға ийе айрықша өнер. Бизиң ата-бабаларымыз өнерментшилик буйымларын безеп, олардың көринислерин және де бай, сүйкимли, сулыў, ықшам қылып көрсетиўге тырысқан. Айрықша итибар ҳәм сүйиспеншилик пенен безелген буйымлар бизге жетип келген ҳәм ҳәзирги күнде ата-бабалардан қалған мийрас өнерлер менен кейинги әўладлар шуғылланып келмекте. А.Атабаев усы өнердиң билгир устасы еди ҳәм оның қоллары менен сулыў ҳәм қурамалы композициялар дөретилди. Ол ҳәр қыйлы еллердиң ағашқа нағыс ойыў мектеплериниң өзгешеликлерин үйренди. Орта Азия, Әййемги Мысыр, Африка, Шығыс ҳәм Батыс еллеринде камал тапқан усташылық мектеплерине тән болған көринислерди оның композицияларында көриў қыйын емес. Оларды улыўмав бир композицияға сайлап қойыўы менен өзиниң ойлаған ой-пикири ҳәм темасын бойсындырып жумыс ислеўи таң қалдырады. Оның дөреткен «Ер», «Келин», «Тәңри», «Түркмен ҳаял», Биз «Оқ жай», «Қобыз», «Тахт», «Еки тәрепли есик», ҳәр қыйлы «Маска», «Үстинлер», «Табақлар» жыйнақлары- булардың бәри түрлише, қыйыр-

шыйыр нағыслар менен безелген. Бул жерде өсимлик түри ҳәм геометриялық нагыслар бир-бири менен араласып, улыўма бир композициялық көринисти пайда етеди. Бул композицияларды бир шетинен баслап тамашалаў керек. Бундай нағыслар жылўасы әййем заманлардан бери ата-бабаларымыз тәрепинен пайдаланып келинген- бундай жылаўланған көринисти байқаған тамашагөй ериксиз бул гөззаллықтың шайдасына айланып, нағыслардың сулыўлығы ҳәм дүзилисинен көзин үзе алмай қалады. Көриниси онша үлкен болмаған «Тәңри» деп аталған дөретпе- Әййемнен көплеген халықлар, әсиресе түркий қәўимлердиң арасында кең таралған Тәңриниң тымсаллық образы болып, бир ўақыттың өзинде ҳәм әпиўайы ҳәм қурамалы көринисти пайда етеди.

Бул образды ҳәр қыйлы қәлипте қабыл етиўге болады –сүўретленген көринисти киели гүл-лотос, өсимлик, булт, жалын көринислерин байқаўға болады. Бундай көп қырлылық пенен руўхтың әўлиелиги, қудиретлилиги, сырлылығы ҳәм космослық түсиникте жоқары дәрежеде кеңлиги көрсетилген. Инсан өзиниң ой-өриси менен ҳәмме нәрсени, қубылысларды түсиниўи мүмкин емес, әсиресе, оны басқарып турған қудиретли күшлерди толық өзлестириўинде күши келмейтуғын уғып жасаўы керек. Аман Атабаевтың дөретиўшилигинде декоративлилик ең баслы орынды тутады. Ол өзиниң дөреткен барлық жумысларында халық усылының декоратив көринислериндеги жағдайын көрсетиўге ерискен. Оның дөретпелеринде әйне усы нәрселерге итибар берилгенлиги ушын да ҳәр қыйлы халықлардың мәдениятының элементлерин қоллана алған. Деген менен бундай мәзи қурамалылықты оның жумысларында сезбеймиз, себеби шебер уста бундай ҳәр түрлиликти улыўма бир көриниске, идеяға, темаға бағындыра алған.

- ✓ Атабаев А. Тәңри. Ағаш (И.В. Савицкий атындағы ҚМКМ)
- ✓ Атабаев А. Маска «Манғол». Ағаш (И.В. Савицкий атындағы ҚМКМ)

- ✓ Атабаев А. Семург. Ағаш (И.В. Савицкий атындағы ҚМКМ)



Атабаев А. Божество. Дерево (ГМИ РК им. И.В.Савицкого)



Атабаев А. Семург. Дерево (ГМИ РК им. И.В.Савицкого)

## СЕРЕКЕЕВ БАЗАРБАЙ



**Серекеев Базарбай**

**<u>Живопись</u>**

1942-ж. – Кегейли районында туўылған.

1969-ж. – Ташкенттеги П.Беньков атындағы көркем-өнен училещесин тамамлаған.

1969-ж. – Нөкис қалалық көркем-ислеп шығарыў устаханалары художниги.

1983-1984-жж. – Бердақ атындағы Республикалық сыйлықтың лауреаты.

1971-жылдан баслап Нөкис, Ташкент, Москва, Алма-ата, Қызыл Орда, Уфа, Махачкала көргизбелери қатнасыўшысы.

2000-ж. – «Дослық» ордени менен сыйлықланған.

2012-ж. – Өз БА Алтын медалы.

1977-ж. – Өз БА ағзасы.

Художник Базарбай Серекеев өз дөретиўшилигин пейзаж жанрына арнаған талантлы әрбапларымыздың бири. Ол көп жыллар даўамында Қарақалпақстанның әжайып көринислерин дөретиў үстинде көп мийнет етти.

Оның картиналарында -әтирараптағы қоршаған дүнья өзгеше бир жарықлық пенен толып-тасып турған сыяқлы. Бул дүньяны жаратыўда ол тек ғана қарақалпақ өнерментлери ҳәм шеберлери дөреткен халық қол-өнери дурданаларының өзгеше көринислерине тийкарланып жаратты. Өз жумысларында Базарбай аға әжайып нурлар менен толтырылған таңқаларлық дүньяны жаратады. Ҳәтте қуяш та оның дөретпелеринде айрықша жақтылық таратады.

Көплеген дөретиўши инсанлар киби Базарбай аға бәрқулла изленгени ҳәм бахтына қарай талпынғаны- бул оның тек өзине тийисли болған ислеў усылы еди ҳәм оның ҳәр бир картинасын алжаспай таный аламыз. Ҳақыйқатында да оның мийнетлери бәрқулла дыққат орайында,

қызықлы ҳәм өзгеше. Ол өзиниң нәзериндеги ең әҳмийетли, ең қызықлы нәрсени айырып көрсете алады. Оның сүўретлери қәнигелерди де, әпиўайы көрерменлерди де қызықтырады. Олар ҳәммеге түсиникли, жақын ҳәм өмирди көплеген реңлер арқалы көрсете алыўы менен адамды қуўантады. Олар парахатшылықта, табыўлықта, қоршаған тәбият пенен уйғынлықта жасаўға шақырады.

Оның көпшилик картиналары бир қараганнан танымалы, Бирақ сүўретши оларды тәкирарланбайтуғын көринислерде ислеўге тырысады, яғный өзине қандай көринген болса, солай, өзиниң кейпияты, кеўил жағдайлары, сезимлери, эмоционал сезимталлығы арқалы сүўретлейди. Оның көплеген пейзаж жанрында исленген жумыслары туўылған үлкемиз көринислери болыў менен бирге, өзгеше, ертеклер әлемине мегзес сүўретленген. Бул ҳәмме әрман ететуғын әлемге уқсайды. «Аўылда жаз», «Гүллеген бағ», «Тереклер», «Таўлы пейзаж», «Әмиўдәрья кеште», «Наўрыз», «Кеш», «Бәҳәр», «Дәслепки салмалар», «Қызыл үй» қусаған картиналарда сүўретши өз үлкесине саяхат жасап өзин таңландырған тәбият көринислерин қыл қәлем ҳәм реңлер арқалы өзгеше усыллар менен тәрийплейди. Жыллар даўамында оның шеберлиги жәнеде аса берди ҳәм ҳәзирги күнде кейинги әўлад уқыплы жаслары ушын устаз дәрежесине жетти. «Мийнет –ҳәр қандай жетискеншилик тийкары. Инсан қәншелли талантқа ийе болмасын, мийнетсиз ҳеш қандай нәтийжелерге ерисе алмайды. Инсанға ҳақ нийетли ойлар, мақсетлер келер екен, тынымсыз мийнет пенен керекли нәтийжелерге ерисиў керек. Әлбетте, талант, билим, өзгеше уқыплар инсан ушын жүдә әҳмийетли, бирақ олар нәтийжелерге ерисиў ушын жеткиликсиз. Ал, оларды жүзеге келтириў ушын көп мийнет етиў керек»- дейди Базарбай аға.

- Живопись мен ушын жумыс яки мәзи қызығыўшылық емес, бул – мениң өмирим!».

Мениң ҳәр бир күним бояўлар менен өтеди. Өзимниң сезимлеримди, ойларымды, түсиниклеримди, еслеўлеримди бөзде көрсетиўге тырысаман. Сөз бенен айтқым келген нәрселеримди реңли бояўлар менен жеткергим келеди. Булл биз художниклерге питкен қәсийет, бул бизиң негизимиз, барлығымыз, - деп Базарбай аға өз ойлары менен ортақласады.

- ✓ Серекеев Б.
- ✓ Серекеев Б. Қызлар. к.м.б.



- ✓ Серекеев Б. Баланы атка отыргызыу. к.м.б.





Серекеев Б.  Девушки. х.м.

## ИЗЕНТАЕВ ЖОЛЛЫБАЙ ТАНИРБЕРГЕНОВИЧ

**Изентаев Жоллыбай Танирбергенович**

**<u>Живопись</u>**

1943-ж. – Қоңырат районында туўылды.

1966-ж. – Ташкенттеги П.Беньков атындағы көркем-өнер училищесин тамамлады.

1974-ж. – ТТХИ ди тамамлады.

1974-ж. – Өзбекстан Сүўретшилер Аўқамы ағзасы.

1974-1979-жж. – Нөкис қалалық көркем-ислеп шығарыў устаханаларында художник болып иследи.

1979-ж. – ҚР СА баслығы.

1982-ж. – Бердақ атындағы Республикалық сыйлықтың лауреаты.

1992-1977-жж. – Әжинияз атындағы Нөкис Railinституты Сүўретлеў өнери ҳәм сызбашылық кафедрасы баслығы.

1997-ж. – Өзбекстан Көркем Өнер Академиясы ҳақыйқый ағзасы.

1992-ж. – ҚР хызмет көрсеткен көркем өнер ғайраткери.

2000-ж. – Өзбекстан Халық художниги.

2003-ж. – Өз БА Гүмис медалы.

2000-ж. – ҚР Жоқары Кеңеси депутаты.

1974-жылдан баслап қалалық, республикалық, декадалы, юбилейлық, байрам, жеке, шет ел көргизбелериниң белсенди қатнасыўшысы.

1996-жылы Франция, Германия, Словекия, Россия, Египет (Миср), Болгарияда дөретиўшилик сапарына барып қайтты, жеке көргизбелерин шөлкемлестирди.

2009-ж. – Нөкисте қайтыс болды.

Ж. Изентаев картиналарында туўылған жер образлары, кеўиллери мийрим-шәпәәтке толы адамлар сәўлеленген Арал, Қызылқум, Қарақум, жеримиздиң бай инамлары, халқымыз мәденияты ҳәм тарийхы мийраслары өзгеше дүнья көринислеринде рең-бәрең қәлипте көрсетилген. Ол қолына мольберт, бояўлар, қылқәлемлерин алып үлкемиздиң барлық жерине барып, гөззал көринислерин полотноларға көширип, өзиниң сезимталлығы, реңлериниң өзгеше үйлесимлиги арқалы көрсетти. Оның таланты ҳәм ислеў усылы жәрдеминде турмыстағы әпиўайы көринис өзгеше лирикалық, поэтикалық көринисте сәўлеленеди, қызықлы мазмундағы картиналарға айланады. – «Балықшының портрети», «Аўыл баласы», «Юматов совхозы»,

«Гүзги аўыл», «Бегжап трагедиясы», «1945 жыл ҳаяллары», «Солдат хатлары» қусаған дөретпелеринде заман руўхы көзге тасланады. Бул картиналарда сүўретшиниң дүньяға көз карасы, турмысты түсиниўи нәзик реңлер үйлесимлиги, түслердиң қатнаслары арқалы қабыл етиледи. Ол өзиниң картиналарының темаларын тиккелей өмирден алған ҳәм фантазциясы менен улыўмаластырып сүўретлеўдиң мазмунына бағындырған турмыслық көринислер хужодниктиң дөретпелеринде образлы, поэтикалық, лирикалық болып, олар эпиўайы болыўы менен бирге хеш бир еликлеўди келтирмейди.

Ж. Изентаевтың дөретиўшилигинде еки тенденцияны байқаймыз. Биринsocialisticshi, бул турмыслық ҳақыйқатлылықты көрсетиў бериўге тырысыў, мысалы шайырлар ҳәм художниклердиң портретлеринде, ҳәм екиншиси белгили бир образларды турмыслық орталықта сүўретлеў болып табылады. «Қара үйде», «Той», «Келинди шығарып салыў» ҳ.т.б.

Жақтылық ҳәм реңлердиң проблемасы өзинше шешиледи, реңлер қатнасларының нәзик түслериниң бай кориниси оның бул жылўаланған реңлер шегараларын жойтып бара береди ҳәм улыўмаласқан ҳәрекетке жәмленеди. Ҳәмме жерде тән қаларлық түрде жылт-жылт жанған жақтылық нурлары ҳәм әўлан-әўлан реңлер нәзик саялар менен алмасып, араласып сырлы дүньяны пайда етеди.

- ✓ Изентаев Ж. Натюрморт. к.м.б  (И.В. Савицкий атындағы ҚМКМ)
- ✓ Изентаев Ж. Қуманлы натюрморт к.м.б. (И.В. Савицкий атындағы ҚМКМ)
- ✓ Изентаев Ж. Улымның портрети к.м.б.
- ✓ Изентаев Ж. Кемпир апамның портрети к.м.б.



Изентаев Ж. Портрет бабушки. х.м.


Изентаев Ж. Натюрморт с крупорушкой. х.м. (ГМИ РК им. И.В.Савицкого)

## ЖУЎМАҚЛАЎ

Su`wretlew o`neri sabaqları ha`r ta`repleme rawajlang`an insannın` ta`rbiyası ushın ko`p imka`niyatlar ashıp beredi. Su`wretlew o`neri menen shug`ıllanıw oqıwshılardın` aqıl ha`m estetikalıq jaqtan rawajlanadı, bizdi qorshag`an du`n`yanı tu`sindiriwge ko`meklesedi, natyurmort islew ushın buyımlardı itibar menen gu`zetiwge, olardın` forması, ren`lerin, jaqtılıq-saya, jag`dayların analiz qılıwg`a u`yretedi. Su`wretlew o`nerinen da`slepki sawatın shıg`armay turıp, adam ko`rkem o`nerdi tu`siniwi, qa`dirlewi, onnan ra`ha`tleniwi mu`mkin emes. Oqıwshılar ta`rbiyasında zamanlaslarımızdın` miynetinin` go`zzallıg`ın ko`rsetiwge, erkin ma`mleket rawajlanıwı na`tiyjesinde bolıp atırg`an jetiskenshiliklerdi u`ydın` do`retiwshilik jumıslarının` aktivligin asırıwg`a olardın` ku`shin, ma`deniy quwatın jan`a turmıs keshiriw ushın jo`neltiriwge ko`meklesedi.

Su`wretlew o`neri ha`m a`meliy o`ner oqıtıwshısın o`zinin` tarawında sawatı jeterli da`rejede bolsa g`ana oqıwshılar menen birgelikte atap o`tilgen pikirlerge tayana otırıp a`meliy jumıslardı orınlay biliwi za`ru`r.

u`gingi ku`ndle su`wretlew o`ner sabag`ın alıp barıwshı pedagoglar oqıwshılarg`a tek gana su`wretlew o`neri u`lgilerin ko`rsetip, sheberligin asırıwg`a ja`rdem beredi, ol olardı ma`deniy jaqtan ta`rbiya qıladı. Usı ta`rbiya arqalı oqıwshılar o`zlerinin` ha`m basqalardın` miynetlerin bahalaw, o`z jerlesleri miyneti, tariyx, xalqımızdın` neshe a`sirler dawamında qa`liplesken ha`m rawajlang`an ma`deniyatına hu`rmet penen qaraw, o`zleri su`wretlew o`neri du`rdanalarına baha beriw ha`m tu`siniwge ha`reket etiwi, su`wretlew o`neri sabaqlarının` tu`rleri ha`m olardın` mazmunı tiykarında alg`an bilimleri arqalı Watanpa`rwa`rlıqqa iye ka`mil insanlar bolıp jetilisiwi oqıtıwshının` juwapkerli wazıypası.

Juwmaqlap aytqanda, su`wretlew o`neri sabaqların alıp barıw ha`m olardın` wazıypaları, mazmunı, ko`rgibeliligi ha`m na`tiyjeliligi

oqıwshılardın` su`wretlew o`neri sırların puxta u`yreniwi, jumıs protsessinde paydalanılatug`ın materiallar ha`m qurallar menen tanısıw ha`m olardan durıs paydalanıw jolların u`yreniw, su`wretlew o`nerinin` negizin qurawshı sheber xudojniklerdin` do`retken kartinaları, ha`r qıylı da`wirde jaratılg`an ko`rkem o`ner du`rdanaları, menen tanısıw, olardı analiz islew xudojniklerdin` islew usılları, kartinalardın` mazmunı, stilistikalıq o`zgesheliklerin biliw zamanago`y qa`niygelerdin` tiykarg`ı biliwi kerek bolg`an mag`lıwmatınan derek beredi.

Barlıq ko`nlikpeler, bilimler, ta`jiriybeler oqıwshılardın` ha`r ta`repleme mag`lıwmatlı ka`mil insanlar bolıp jetisiwinde baslı rol` oynaydı.

Su`wretlew o`neri sabaqları zatlardı o`zine karap su`wretlew ha`m yadtan su`wret salıw, dekorativ su`wret salıw, tema tiykarında su`wret salıw, su`wretlew o`neri haqqında gu`rrin`ler o`tkeriw sabaqları bolıp to`rt tu`rge bo`linedi. Usı sabaq tu`rleri su`wretlew o`neri mazmunı ha`m a`hmiyeti, onın` turmısımızdag`ı ornın anıqlap beredi ha`m izbe-izdik penen oqıwshılarg`ı tu`sindiriledi. Bundag`ı shınıg`ıwlar ha`m mısallar basqa pa`nler menen tıg`ız baylanısta rawajlanıp, oqıwshılarg`a ta`biyat ko`rinisleri, tuwılg`an u`lkenin` go`zzallıg`ı, Watanına bolg`an muxabbatın ku`sheytiwde u`lken rol` oynaydı. Xalqımız jaratqan milliy miyraslardı u`yreniw oqıwshılardın` ruwxıy da`rejesin bekkemlep, milliy maqtanıshın elede arttıra aladı. Sonın` ushın, su`wretlew o`neri sabaqlarının` insan ta`rbiyasında a`hmiyetli orın iyeleytug`ını ha`m onın` elede rawajlanıwı keleshekte jetik insanlar bolıp kamal tabatug`ın ha`zirgi waqıttag`ı oqıw orınlarında bilim alıp atırg`an oqıwshılardın` qolında ekenligin, olardın` turmısta ha`m ja`miyette aktiv bolıwın ta`miyinlew za`ru`r.

Сүўретлеў өнери сабақлары арқалы мектеплерде тәлим ҳәм тәрбия бериў процессинде, халық миллий көркем өнери ҳәм сүўретлеў өнери материалларын, көркем үрип-әдетлерди қолланыў машқаласы әсте ақырын өз орнын ийеллей баслады, бирақ ол еле миллий тийкарға ийе емес.

Машқаланың ҳәзирги заманагөй жағдайын үйрениў, үлкетаныў материаллын ҳәм миллий көркемлилик дәстүрлерди изертлеўде оның рәсмийлестирилген концепциясы программасына киритиў оқыўлықлар оқыў методикалық ҳәм көркемлик жақтан билимлендириў ҳәм тәрбиялыўдың әсте ақырын жақсыланыўына алып келетуғынын көрсетти.

Сонда да Қарақалпақстанда улыўма билим беретуғын мектеплерде сүўретлеў өнерине үйретиў, оқытыў сапасы төмен болып атыр. Оқыўшылардың билим дәрежеси, уқыплылық ҳәм көнликпелери еле жоба талапларына жуўап бермейди, оқыўшылар сүўретлеў өнери ҳәм декоратив қол өнери шығармаларын толық қунлылығы менен өзлестире алмайды, олардың сүўретлеў хызметиниң активлилиги жетерли дәрежеде емес.

Қарақалпақстанның улыўма тәлим бериў мектеплериниң әмелий ислеринде қарақалпақ сүўретлеў өнериниң үлкетаныў материалларының жоқары мүмкиншиликлери толығы менен иске асырылып атырған жоқ. Оған тийисли себеплердиң биреўи мынадан келип шығады, муғаллимлердиң өзлериниң билим дәрежесиниң, заманагөй дәўирге сай емеслигинде муғаллим менен оқыўшының бирге ислесиў педагогикасының еледе талап дәрежесинде емес екенлигинде.

Бизиң республикамызда муғаллимлердиң басып көпшилиги сүўретлеў өнерин оқыўшыларға үйретиўдиң заманагөй бағдарлары менен толық танысып шықпағанлығы мәлим болды, сондай-ақ қарақалпақ сүўретлеў өнериниң үлкетаныў материалына ҳәм миллий

көркемлик дөретиўшилигиниң мазмуны ҳаққында онша жақсы билмейди, мине булардың барлығы оқыўшылардың сүўретлеў хызметиниң активлесиўине тосқынлық жасайды ҳәмде оқыўшылардың сүўрет сабағына қызығыўшылығын жоғалтады. Муғаллимлерди ҳәм оқыўшыларды оқыў методикалық тәмийинлеў ҳаққындағы сораўлар бүгинги күнге дейин шешилмеген. Тәбиий ҳәм сүўретли көрсетпе қураллардың жағдайы талап дәрежесинде емес. Оқыўшылардың көркемлик билимлериниң ҳәм тәрбияларын арттырыў бойынша илимий тийкарланған усыныслар, Қарақалпақстан сүўретлеў өнериниң үлкетаныў материалларынан, сүўретшилердиң шығармаларынан, декоратив қол өнери дөретпелеринен сүўрет сабағы ўақтында қолланыў бойынша көрсетпелер айтарлықтай жетиспейди.

Басқа халықлардың интерна ионаллық материаллары, сүўретлеў өнери ҳәм декоратив қол өнери дөретпелери өзиниң мазмуны жағынан, формасы, қурылысы ҳәм басқада сапалары бойынша оқыўшылар тәрепинен қабыл етилиўи қыйын кешпекте.

Сонлықтан да мектеплерде сүўретлеў өнери пәнин оқытыў процессинде, әсиресе баслаўыш класслардан баслап сүўрет сабағының мазмуны ең дәслеп Қарақалпақстан сүўретлеў өнерин үйрениўге үлкетаныў материалларын өзлестириўге тийкарланған ҳалда қурылған болыўы керек. Жоқары класларда болса сүўретлеў өнери шығармаларының интерна ионаллық мазмуны менен ҳәм басқа туўысқан халықлардың көркем өнер шығармалары менен әсте ақырын кеңейтирип барыўы лазым.

Демек, усы тийкарда оқыўшыларға билим ҳәм тәрбия берип барылса, келешек жасларымыз өз Ана-Ўатанының, үлкесиниң сүўретлеў өнеринде жетискенликлерин өз билимлеринде қәлиплестиреди, миллий дәстүрлер ҳәм үрип-әдетлери тийкарында әдеп-икрамлылық, гөзаллық тәрбияларын раўажландырыўы сөзсиз.

## ***Paydalanılg`an a`debiyatlar dizimi:***


1.Ta`lim to`g`risidagi O`zbekiston Respublikasi qonuni. Toshkent, 1997, 29 avgust.

2. Kadrlar tayyorlash milliy dasturi. Toshkent, 1997 yil 29 avgust .

3.I.A.Karimov. O`zbekistonning o`z istiqlol va taraqqiyot yo`li. Toshkent, «O`zbekiston», 1992.

4.I.A.Karimov. O`zbekiston kelajagi buyuk davlat.Toshkent, «O`zbekiston», 1992..

5.I.A.Karimov. O`zbekistonning siyosiy-ijtimoiy va iqtisodiy istiqbolining asosiy tamoyillari. T., O`zbekiston, 1995.

6.I.A.Karimov. «Bizdan ozod va obod Vatan qolsin».T., 1994.

7.I.A.Karimov. «Bunyodkorlik yo`lidan». II-tom, T., 1996.

8. I.A.Karimov «O`z keleshegimizdi o`z qolimiz benen qurip atirmiz». 24 bet «Qaraqalpaqstan» baspasi, 1999.

9 I.A.Karimov. «Barkamol avlod orzusi». Toshkent. 1999.

10.I.A.Karimov. «Yuksak ma`naviyat-engilmas kuch».Toshkent. 2008.

11. Siziw oqitiwshi kitabi. O`qituvchi. Toshkent-2010.

12. Е.И.Рўзиев. Геометрик ва проекцион чизмачилик. Тошкент, «Янги аср авлоди». 2010.

13. А.Д. Botvinnikov va boshqalar. Chizmachilik 7-8-sinflar uchun darslik. Toshkent, «O`qituvchi», 1989.

14. I.Rahmonov. Chizmachilikdan didaktik o`yinlar. Toshkent, «O`qituvchi», 1992.

15.A.Umronxo`jaev. Maktabda chizmachilik o`qitishni takomillashtirish. Toshkent «O`qituvchi», 1993.

16.P.Odilov va boshqalar. Chizmachilik (ma`ruzalar matni). Toshkent, 2000.

17.Sh.K.Murodov va boshqalar. «Chizma geometriya kursi». O`qituvchi.1988.

18.Yu.Qirg`izoboev. Chizma geometriya. O`qituvchi, Toshkent, 1972

19.I.T.Rahmanov.«Chizma geometriya kursi».O`qituvchi, Toshkent,1984.

20.K.M.Qobiljonov va boshqalar. «Chizmachilik va chizma geometriya asoslari». O`qituvchi, Toshkent, 1983.

21.N.Raxmonov. Perspektiva. O`qituvchi, Toshkent, 1973.

22.U.Abdullaev «Chizma geometriya va chizmachilik asoslari». Toshkent «O`zbekiston» 1999.

23.Qirg`izboev Yu. va boshqalar. Mashinasozlik chizmachiligi kursi. T. «O`qituvchi». 1981.

24.Yodgorov J. va boshqalar. Chizmachilik - T., «O`qituvchi».. 1992.

25.Murodov Sh. va boshqalar. Chizma geometriya kursi. Toshkent, «O`qituvchi», 1988.

26.Raxmonov I. Chizmalarni chizish va o`qish. T. «O`qituvchi».. 1992.

27.Rahmonov I. T. Chizmachilikdan test.- T., «O`qituvchi».. 1994.

28.Raxmonov I., Abduraxmonov A., Chizmachilikdan ma`lumotnoma T. «O`qituvchi». 2005.

29. www.pedagog.uz

30.www.nbgf.intal.uz

31.www.ziyonet.uz

32.www.edu.uz